ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№26 (21.684) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● XXI Олимп Джэгухэм

Жэзыр я щІэдзапІэу

ГуфІэгъуэ щыІыкІэм ятУ мэрем кІуам Канадэм и Ванкувер къалэм къыщызэІуахащ XXI Щымахуэ Олимп Джэгухэр. Мазаем и 13-м яп дамыгъэ лъапІэхэр спортсменхэм яІэрыхьащ.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхьунщи, Урысей Федерацэм икІахэм зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэм дызэрагъэгуфІа щыІэкъым. Абыхэм яхузэфІэкІар зы медаль закъуэ къыхьынщ. Хабаровск щыщ **Скобрев Иван** лъэрыжкъкІэ километритху къыщажым ещанэ ушыпІэр иубыдащ, ар мырами зыри зыпэмыльэщыну зыхуаГъэфащэ **Крамер Свенрэ** (Голландие)**Ли Сеун Хунрэ** (Корее) яп иригъэщри. Апхуэдэу щыгъи, ди дежкІэ ар екъуЛэныгъэщ, сыту жыпІэмэ, илъэс 26-рэ хьуауэ а спорт лІэужьыгъэмкІэ ди къэралым Олимп зэхьэзэхуэхэм зы медали къащыхэухьакъым.

Зэпеуэм и яп махуэм Голландием щыщ Крамер Свен нэмыщІ, дыщэ медалхэр зыІэрагъэхьэфащ Швейцарием икІа **Амман Симон**(трамплиным ельэныкъкІэ), Словакием Іэпхьуа **Кузьмина Анастасие** (биатлон, км 7,5-рэ), Кореем и лІыкІуэ **Ли Юн Су** (шорт-трек, км 1,5-рэ), Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу **Керин Ханнэ** (фристайл) сымэ.

ХХІ ЩІымахуэ Олимп Джэгухэм щІидза къудейщ. Дыщыгугъынщ дяпэкІэ ди спортсменхэм нэхъ дагъэгуфІэну. Фигу къэдгъэКІыжынщи, иужьу Турин щекІуэкІа Олимпиадэрэ абыхэм гугъуу ирагъэжьат икІи зы медали къахуэмыхьу яп махуэхэр ягъэкІуат. ИкІэм-икІэжым 22-м нагъэсыжащ (8-р дыщэу).



Скобрев Иван

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Іуэхутхьэбзэхэр зэрызэфІагъэкІым егъэпІейтей

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр абы и Унафэщі Чеченов Ануар иригъэкІуэкІащ. ХабзэгъэувэкІэ хэпльащ республикІэ закон зыбжанэм я проектхэм, УФ-м и нэгъуэщі субъектхэм я парламентархэм кьыхальхьа жэрдэмхэм.

ЗАКОНЫМ тетыныкмкІэ, хабзэр хьуэныкмкІэ, жылагъуэ шынагъэшагъэмкІэ комитетым кьыбгъэдэкІыу зэІуІэм кьыщыхальхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэ судыкмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэмрэ я лэжьакІэм теухуа информацэм щыхуэхэм щыгъуазэ защыкІыныр кьыззэгъэпэщынымк и Іуэхуэкі» КъБР-м и законым и проектыр. Комитетым и унафэщІ **Бэшорэ Хьэмид** зэрыжиІамкІэ, 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ кьару егъуэт «Урысей Федерацэм щыІэ судхэм я лэжьакІэм теуухуа информацэм щыхуэхэм щыгъуазэ защыкІыныр кьызэгъэпэщынымк и Іуэхуэкі» федеральнэ закон. Ар хуэунэтІащ суд властым и лэжьакІэр зэІухуауэ щытыныр, судхэм я лэжьакІэм теухуа информацэ кьэІэрыхьэнымкІэ щыхуэхэмрэ organизацэхэмрэ яІэ хуитныгъэхэр дэгъэкІыныр кьызэгъэпэщыным. Апхуэдэу щыт пэтми, судхэмрэ зэзыгъэкІуэ судыщІэхэмрэ я лэжьакІэм теухуа информацэм кьыщІэупщІыу щыгъуазэ зэращІ щыкІэр УФ-м и субъектхэм я законодательствэмкІэ зэблагъэкІ. Аращ ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа законопроектыр зэхальхьэн хуей щІэхьуар.

ПромышленностымкІэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ, транспортымкІэ, связымкІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** депутатхэм я пащхьэ кьырилъхьащ «2007 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэзэгухэм щызекІуэным пыщІа щынагъуэ гъэмэщІэным и Іэхуэкі» КъБР-м и Законым и гуэдзэн №1-м зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законым и проектыр. ЗэкІэ мы Законым кьегъэуВ шоферхэр щагъэкІэзэщІ центрхэр кьызэрыхьныр, абыхэм щрагъаджэхэр зэрагъасэ оборудованэр кьызэгъэпэщынымкІ КъБР-м Транспортымкі, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и кьалэну щыту. Проектыр зэхэзыльхьахэм кьальытащі апхуэдэ мардэр «Егъэджэныгъэм и Іуэхуэкі» Федеральнэ закон №3266-1-м кьигъэувэм емызэгъыу, сыту жыпІэмэ, а документым кьыщыгъэлъэгъуащ сыт хуэдэ егъэджэныгъэрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и пщэ зэрыдэлъыр.

Президиумым и зэІущІэм апхуэдэу щыхэпльащ «ЩІым щІэль хьугъуэфЫгъуэхэм я Іуэхуэкі», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ я Іуэхуэкі щыІэ зэпыщІэныгъэхэр зэблэгъэкІыным теухуауэ» КъБР-м и законхэм зэхьэуэкІыныгъэхэр хэльхьэным. А законопроект псоми зыхуэфащэ комитетхэмрэ ведомствэхэмрэ елэжьа нэужь, КъБР-м и Парламентым и сессием кьыщыхальхьэнущ.

КьаІэрыхьэ материалхэм щыгъуазэ защІа нэужь, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Щомахуэ Лев Асльэнэдзэрий и кьуэм - «Бгыпльэ щыпІэхэмрэ лъапэхэмрэ жыг хадзэхэр щыгъэкІынымкІэ Кавказ Ищхьэрэ щІэныгъэ-кьэхутакІуэ институт» федеральнэ кьэралІэныгъэ Іэхуэщ Іапэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ». Щ Іэныгъэ лэжьагъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм жыджэру зэрыбгъэдэтым, КъБР-м и агропромышленнэ комплексым пащІэ Іэщ Іагъ зиІэ кадрхэр зэрагъэхьэзырым пащІэ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и наградэ нэхъыщхьэр апхуэдэу хуагъэфэщащ профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт «Бгырыс кьэрал аграрнэ университет» федеральнэ кьэрал еджапІэм и лэжьакІуэхэм Темираев Виктор Хьэмыщ и кьуэм - ректорым, Фарниев Александр Гимофей и кьуэм - кафедрэм и унафэщІым, Цугкиев Георгий и кьуэм - факультетым и деканым.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** ХьэмзэгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым кьалэн щищІащі псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыныжмкІэ монопластхэм кьащтэ унафэхэр хабзэм кьыхэзэрэзэгъащ Ведомствэхэм эддэй комиссэм щыгъуэу кьипщытэну, апхуэдэу щыхуэхэр электрокъарукІэ кьыззэгъэпэщыным теухуа зэгъуэІуэныгъэу «Налшык энергосбыт» ООО-м кьыхихльхьам хэпльэну. Парламентарэмрэ Ведомствэхэм эддай комиссэм хэтхэмрэ я документхэр федеральнэ законодательствэмрэ республикэм и законодательствэмрэ кьызэрезэгъыр зэпкърахыну. Законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и мурадщ а зэгуэрІуэныгъэм хуищІ дагъуэхэр утыку кьырилъхьэну.

Парламентым и зэІущІэм нэгъуэщІ Іуэхуэмэ щытепсэльыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъуэм и Кубок

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *триХащ.*

ЛІы нэсхэм я зэпеуэ

Щэбэт кІуам «Налшык» спорткомплексым щекІуэкІащ Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъуэгъэм и Кубокыр къэхьыныкмкІэ зэзауэ спорт лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ дунейпсо ильэс зэпеуэм и етхуанэ Іыхьэр. Ар къызэрагъэпэщащ ProFC-м и спортклубым и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм Темираев Виктор Хьэмыщ и кьуэм - ректорым, Фарниев Александр Гимофей и кьуэм - кафедрэм и унафэщІым, Цугкиев Георгий и кьуэм - факультетым и деканым.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** ХьэмзэгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым кьалэн щищІащі псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыныжмкІэ монопластхэм кьащтэ унафэхэр хабзэм кьыззэрезэгъащ Ведомствэхэм эддай комиссэм щыгъуэу кьипщытэну, апхуэдэу щыхуэхэр электрокъарукІэ кьыззэгъэпэщыным теухуа зэгъуэІуэныгъэу «Налшык энергосбыт» ООО-м кьыхихльхьам хэпльэну. Парламентарэмрэ Ведомствэхэм эддай комиссэм хэтхэмрэ я документхэр федеральнэ законодательствэмрэ республикэм и законодательствэмрэ кьызэрезэгъыр зэпкърахыну. Законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и мурадщ а зэгуэрІуэныгъэм хуищІ дагъуэхэр утыку кьырилъхьэну.

Парламентым и зэІущІэм нэгъуэщІ Іуэхуэмэ щытепсэльыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашьжрэ илъэс 21-рэ ирокъу

Хуэфащэ пщІэ, гулъытэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *триХащ.*

Афганистаным советыдзэхэр къызэрырашьжрэ мы гъэм илъэс 21-рэ зэрырикъуам теухуа Іуэхугъуэхэр республикэм щокІуэкІ. Мазэщхуэм и 15-м ЩІыналъэ Налшык дэт Балькъэр къэрал драмтеатрым щэбэт кІуам щызэхэта зэІущІэм къаригъэблагъат афган зауэм ЛІыгъэ щызыгъэльагъуэу хэкІуда ди лъахэгъуэм я Іыхьлыхэр, ветеранхэр, республикэм и унафэщІхэм, къалэ, район администрацэхэм я лІыкІуэхэр. Пэщым кьыщызэхуэсахэм яхэтт Хэкум и хъуманкІуэ хэкупсэу гъэсэнымкІэ щапхъэ зыхуэхьу школакІуэхэр.

ЗэІущІэр кьызэІуахри псалъэ иратащ «Зауэ зэкъуэшыгъэ» ветеранхэм я унафэщІо ЗэгуэхъэнымгъэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым щиІэ кьудамэм и унафэщІ **Гъукъэ Хьэсэнбий.** - Нобэ дигу кьыдогъэкІыж афган зауэм ЛІыгъэ щызыгъэльэгъуэахэр, пщІэ яхудощІ хэкум и хъумакІуэ ветеранхэм. Дэ зэй дигу ихунчыкым хэкІуда ди лъахэгъуэм я фэеплъыр, - зэхуигъэзащ абы кьызэхуэсахэм. АдэкІэ ар кьеджащ фэеплъ махуэм теухуауэ «Зауэ зэкъуэшыгъэ» ветеранхэм я урысейпсо щІыхь зэгуэхьнымгъэм и унафэщІ, Мэзкуу областым и губернатор, Совет Союзым и ЛІыхьужь Громов Борис кьигъэхьа ветеранхэм зэрызахуигъаз тхыгъэм.

Илъэс 21-рэ дэкІащ абы лъандэрэ, ауэ зэи гум имыхэжьынщ а лъэхъэнэр. Илъэсиі 9-рэ мазитІкІэ афган зауэм совет сэлэт мин 600-м щІигъу хэтащ, абыхэм яхьащу 1800-р ди лъахэм икІауэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а зауэм совет сэлэту мин 15 хэкІуэдащ, ди щІалэхэм ящыщу сэлэт 55-р яхэту, хьыбарыншэу кІуэдахэр мин 13-м щІегъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



Щ Іы нэсхэм я зэпеуэ

Щэбэт кІуам «Налшык» спорткомплексым щекІуэкІащ Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъуэгъэм и Кубокыр къэхьынымкІэ зэзауэ спорт лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ дунейпсо ильэс зэпеуэм и етхуанэ Іыхьэр. Ар къызэрагъэпэщащ ProFC-м и спортклубым и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм Темираев Виктор Хьэмыщ и кьуэм - ректорым, Фарниев Александр Гимофей и кьуэм - кафедрэм и унафэщІым, Цугкиев Георгий и кьуэм - факультетым и деканым.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** ХьэмзэгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым кьалэн щищІащі псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыныжмкІэ монопластхэм кьащтэ унафэхэр хабзэм кьыззэрезэгъащ Ведомствэхэм эддай комиссэм щыгъуэу кьипщытэну, апхуэдэу щыхуэхэр электрокъарукІэ кьыззэгъэпэщыным теухуа зэгъуэІуэныгъэу «Налшык энергосбыт» ООО-м кьыхихльхьам хэпльэну. Парламентарэмрэ Ведомствэхэм эддай комиссэм хэтхэмрэ я документхэр федеральнэ законодательствэмрэ республикэм и законодательствэмрэ кьызэрезэгъыр зэпкърахыну. Законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и мурадщ а зэгуэрІуэныгъэм хуищІ дагъуэхэр утыку кьырилъхьэну.

Парламентым и зэІущІэм нэгъуэщІ Іуэхуэмэ щытепсэльыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Фэеплъ пхъэбгъур Іуащхьэмахуэ драхьеинущ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр Республикэм и депутат ныбжьыщІхэм кьыхальхьэу КъБР-м и Президентым и Администрацэм диІыгъа жэрдэмым ипкъ иткІэ, 2010 гъэм мазаем и 17-м Іуащхьэмахуэ бгым метр 4200-кІэ щыІэтаэу щагъэувынущ Совет Армэм и зауэлІу ямыщІэ зэрыпхъуакІуэхэм я щтащІэ-хэр 1943 гъэм мазаем и 13, 17 махуэхэм кьезыдгъыжьахэм икІи Европэм и щыгу нэхъ льагэ дыдэм кьэрал ныпыр щыхъэшІэжахэм я фэеплъ пхъэбгъу. Мы Іуэхур теухуащ Хэку зауэщхуэм ди кьэралым кьыщыхьа ТекІуныжъэ Ивыр илъэс 65-рэ зэрырикъуам.

А махуэм Іуащхьэмахуэ дэкІыну гуэрэгу тевэнэщ щІыхуэ 50-м иэблагъэ. Абыхэм яхэтыныр кьэрал властым и ІуэхущІапІэ, законхэр кьыдэзыгъэкІ органхэм, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я лІыкІуэхэр, сОвет зэмылІэужьыгъуэхэм, республикэм и Парламентым я депутатхэр. Ахэр «Кругозор-Мир» станцым нэс кІапсэ гъэзэгумкІэ дэкІуеинущ, адзкІэ ратрапхэмкІэ метр 4200 дыдэ гапІэм деж щыІэ «11-м я хэщІапІэ» хьэщІэщым екІуэлэнущ. Абдеж фэеплъ пхъэбгъур щагъэувынщ, УФ-мрэ КъБР-мрэ я кьэрал ныпхэр щаІэтынущ. Щыгум джІакІэр ди зауэлІу мы щІыпІэм щыхэкІуэдахэм яхуэщыгъуэнущ икІи абыхэм я унэщІхэм кьеджэнущ.

Гъуэгуанэ тетахэр «Мир» станцым и деж нэс къехьжьынуру, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэжа Хэку зауэшхуэм и зэманым Іуащхьэмахуэ, Кавказым и кьурш щхьэдэхыпІэхэр зыхьумахэм я лІыгъэм теухуа музейм еплъынущ. Абдеж кьыщыщІэдзауэ спортсменхэр УФсейм? Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я ныпхэр яІыгъыу лыжэхэмрэ сноубордхэмкІэ Азау хуейм нэс кьежэхынущ. Тырныауэ кьэсжьа нэужь, ахэр Іуащхьэмахуэ льапэ эрахьумам и музейм кІуэнущ.

Іуащхьэмахуэ льапэм Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хэкІуэдахэм я фэеплъ хуэд щагъэуваущ. Абыхэм ящыщу нэхъ льагэ дыдэу Іэтауэ щытынур мы зи гугъу тщІырщ.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Афганистаным советыдзэхэр къызэрырашьжрэ мы гъэм илъэс 21-рэ зэрырикъуам теухуа Іуэхугъуэхэр республикэм щокІуэкІ. Мазэщхуэм и 15-м ЩІыналъэ Налшык дэт Балькъэр къэрал драмтеатрым щэбэт кІуам щызэхэта зэІущІэм къаригъэблагъат афган зауэм ЛІыгъэ щызыгъэльагъуэу хэкІуда ди лъахэгъуэм я Іыхьлыхэр, ветеранхэр, республикэм и унафэщІхэм, къалэ, район администрацэхэм я лІыкІуэхэр. Пэщым кьыщызэхуэсахэм яхэтт Хэкум и хъуманкІуэ хэкупсэу гъэсэнымкІэ щапхъэ зыхуэхьу школакІуэхэр.

Хуэфащэ пщІэ, гулъытэ

ЗэІущІэр кьызэІуахри псалъэ иратащ «Зауэ зэкъуэшыгъэ» ветеранхэм я унафэщІо ЗэгуэхъэнымгъэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым щиІэ кьудамэм и унафэщІ **Гъукъэ Хьэсэнбий.** - Нобэ дигу кьыдогъэкІыж афган зауэм ЛІыгъэ щызыгъэльэгъуэахэр, пщІэ яхудощІ хэкум и хъумакІуэ ветеранхэм. Дэ зэй дигу ихунчыкым хэкІуда ди лъахэгъуэм я фэеплъыр, - зэхуигъэзащ абы кьызэхуэсахэм. АдэкІэ ар кьеджащ фэеплъ махуэм теухуауэ «Зауэ зэкъуэшыгъэ» ветеранхэм я урысейпсо щІыхь зэгуэхьнымгъэм и унафэщІ, Мэзкуу областым и губернатор, Совет Союзым и ЛІыхьужь Громов Борис кьигъэхьа ветеранхэм зэрызахуигъаз тхыгъэм.

Илъэс 21-рэ дэкІащ абы лъандэрэ, ауэ зэи гум имыхэжьынщ а лъэхъэнэр. Илъэсиі 9-рэ мазитІкІэ афган зауэм совет сэлэт мин 600-м щІигъу хэтащ, абыхэм яхьащу 1800-р ди лъахэм икІауэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а зауэм совет сэлэту мин 15 хэкІуэдащ, ди щІалэхэм ящыщу сэлэт 55-р яхэту, хьыбарыншэу кІуэдахэр мин 13-м щІегъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Егъэджэныгъэ

Зэчиифіэ

Ди къэралым и щыхэр Москва иджыблагъэ щекІуэкІащ еджагъэшхуэ Дмитрий Менделеевым и цІэкІэ къызэрагъэпэщащ щІэныгъэкъэхутакІуэ зэпеуэм и ижьырей Іыхьэр. Ди щІыналъэм щыщу ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэм хэтащ Боттаев Борис. Абы «Менделеевыр дунейпсом щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІш» зыфІища и лэжьыгъэр зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым яГу ирихьащ икІи Борис къыхуагъэфэщащ зэпеуэм и ЩІыхь тхылъ-рэ Дипломрэ.

БОТТАЕВЫРШэрэдж куейм хыхьэ Безенги къуажэм дэт курыт щыкІэм и 10-нэ классым щІэсщ. Абы и егъэджакІуэ Хочуевэ ФатІимэ зэпеуэм и кьэзэгъэ-зэпэщкІуэхэм кьабгъэдэкІ фІыщІэ тхылъ кьыхуагъэхьащ.

- Борис и яп текІуэныгъэкъым ар, - зеІэ Хочуевэм. - Мыбы и пэкІэ щІалэм яп увыпІэкэр кьыщихьащ «Мамыр псэукІэм дрителъхьэщ» дунейпсо арт-фестивалми «ЛІэщІыгъуэхэм уапхьплъмэ» республикэ щІэныгъэ-кьэхутакІуэ зэпеуэми. Апхуэдэу «Орлёнок» лагерым щекІуэкІа «Спортым и щІыналъэ» кьэралпсо зэпеуэм и «Спорт зэхьэзэхуэ» унэтІныныгъэми пашэ щыхьэщ Боттаевыр. Ар урысейпсо ныбжьыщІэ олимпиадэм химиемкІэ и лауреат хуащ. «ЩІэныгъэм хачэ яп лъэбакъуэхэр» къэралпсо зэхьэзэхуэм и «Сыщалъхуа щІыналъэм и тхыдэр» унэтІныныгъэмкІэ щІэныгъэ тхылъ кьыхуагъэфащащ.

Ди хэкуэгъу щыныбжьыщІэм и иужьрей текІуэныгъэм дрогушхуэ. Апхуэдэ зэпеуэхэр сэбэп мэхъу сабий зэчиифІэхэр кьэхутэныгъэхэм нэхъри тегъэщхьэныем, ахэр кьэдгъэІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщІэтІысхьэнум хуэгъэхьэзырыным.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм.

● Псапэ

Унагъуэ 70-м щІигъум

щІигъу. Куейм и Іэтащхьэм и унафэкІэ кьызэрагъэпэща комиссэ щхьэхуэм ахэр ятригъащэ зыхуэфащэу кьальытэ унагъуэм. Апхуэдэу сом мин пщІырыпщІ яІэрыхьакІэщ уэ гъэтІыцІа зыпкърыт сабий щапІ унагъуэ 29-м. Мыгувэу апхуэдэу зыщІагъэкъуэнущ унагъуэ 29-м.

КЪАРДЭН Маритэ.
Аруан куей.

Льэпкъ Іуащагъэ:

Уи нэ гъаплъи, уи лъэ гъэув.

«Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Аруан куей къудамэм и лэжьакІуэхэм я жэрдэмкІэ нэгъабэ щыпІэм щекІуэкІащ «Гупагъэрщ дунейр зэтезыІыгъэр» псапэ Іуэхугъуэр. Ар хуэунэтІауэ щытащ сабий сымаджэ зэрыс бынунагъуэшхуэхэм мылъкукІэ защІэрыхьэныным.

АРУАН район администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Сокъур Римм зэ зэрыжиІамкІэ, Іуэху дахэр щекІуэкІащ куейм хиубыдэ жьлэхэм. Абы жыджэру хэтащ а щІыпІэм щылажьэ ІащхьэлапІэхэр, зэгуэхьныгъэхэр, щІыхь щхьэхуэхэр. Акцэр щекІуэкІа зэманым кьирубыдэу зэхуэхьэса хьуащ ахьшэ сом мин 700-м щІигъу хэтащ. Ар ящыщу 1800-р ди лъахэм икІауэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а зауэм совет сэлэту мин 15 хэкІуэдащ, ди щІалэхэм ящыщу сэлэт 55-р яхэту, хьыбарыншэу кІуэдахэр мин 13-м щІегъу.

(КІэухыр 4-нэ нап).



Насып яІэти

США-м и хоккей джэгупІэхэм ящыщ зым и унащхьэр кьехуэхащ.

ЦІыху мини 5 зыщІэхуэ стадионым и унащхьэр кьыщІиуар зыми ищІрыкъым. Метр 30х60 хьуауэ утыкум кьыхуа къутахуэр зыми зэран хуэхъуэкъым, хоккей джэгуэхэм загъэпсэхуну утыкум икІыжа кьудейти. Джэгупім итар мылыр джафэу тезыльэщІыкІ іэжьакІуэраш, ауэ абыи и насыпу кьыщІэкІащ - зыри кьыльэІэсакъым.

УвыІэркъым

Дагьыстэным щІэпхьажьащІэхэр хьиІм щикІащ, аргуэру милиц машинэм еуащ абыхэм ящыщ.

Зы тхьэмахуэ дэкІауэ арат апхуэдэ щІэпхьаджагъэ Новогодари къуэжьм къызэрыщыхьэрэ. Милиц машинэм еуэри, абы исахэр псори яуКІат.

Иужьрей кьэхъукъащІэ гуэзвэгъуэм милицэм и лэжьакІуэ щІалитІым нэмыщІ, а машинэм иса зы щІыхубзи хэкІуэдащ.

Емынэр кьыхьыхьащ

Краснодар крайм и кхъуэ фермэхэм емынэ кьахьыхьауэ, псэущхьэхэр зэтоІІІ.

Крыловскэ куейм и администрацэм и Іэтащхьэ Козюрэ Александр зэрыжиІамкІэ, «африкэ емынэкІэ» зэджэ узыфэ зэрыщІалэр кхъуэм кьахьыхьауэ ямыщІэу 77-рэ яфІэлІащ. Иужьрей кьэхъукъащІэ ирагъэкІуэкІа кьэхутэныгъэхэм кьагъэльэгъуащ псэущхьэхэр зэрылЫкІыр.

Хьыбар шынагъуэр гъэзэгу куейм кьыщащІам, абыхэм я деж узыр нэсауэ кьыщІэкІащ. Емынэм нэхъри зимыубгъун пащІэ, Краснодар крайм кхъуэ мини 4-м нэс щаухІащ. Зэрыжа Іэмкі э, мы узыфэр Іыхуэм дежкІэ шынагъуэкъым, экономикэм кьыхуихь хэщІыныгъэр кьыумылтыгэмэ.

НОБЭ

◆ Литва Республикэм и Іьэпкъ махуэшхуэщ.

◆ Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 53-м, кьухьжьынущ сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 34-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 39-рэ.

Планэтэр зыльэхуэзыр **ФЫРЭ Анфисэм.**

Адыгэ унэр - Калугэ областым

«Кавказ Ищхьэрэ» лъэпкъ пщІантІэ» проектыр гъэзащІэным Адыгэ Республикэм яужь щиХьакІэщ. Абы Калугэ областым щыІэ «Этномир» щэнхабзэ-щыхагъэгъуэазэ центрым щригъэжьащ.

ЩІЫ ІЫХЬЭУ гектар 90-м щІигъу зыІыгъ «Этномир» центрым льэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьадекІуэкІ архитектурэм, гъащІэм, зэхэтыкІэм, щэнхабзэм я кьежьапІэм уэхэшІэж пщІантІэу 52-рэ щагъэувынущ. Абы щыщу 10-м щагъэлъэгъуэнущ Урысейр льэпкъхэмкІэ зэрыкъуЛеймрэ абыхэм яхэль щхьэхуэмрэ зэрыщІэнымкІэ.

«Кавказ Ищхьэрэ» льэпкъ пщІантІэр гъэхьэзырыным «Этномир» центрым нэгъабэ щІидзащ. Зи лъабжьэр кьуэпсыбэ адыгэ льэпкъхэм я Іуэрыі Іуатэмрэ я Іхыдэ-щэнхабзэ щІэнихэмрэ пэжу кьытаІэлъэгъуэн пащІэ, Адыгеим и льэпкъ музейм и лэжьакІуэхэр Калугэ областым и щІэныгъэлІхэм чэнджэщагъу яхуэхъунущ.

ЗэраубыхуамкІэ, адыгэ пщІантІэм кьакІуэкІ хабзэм тету, зи кІуэцІыр екІуу зэлъыІуха псэупІэ щагъэувынущ, льэпкъ фащэхэр, шхыныгъэхэр, псэкупсэ щэнхабзэм щаІэ ехъулІэныгъэхэр щагъэлъэгъуэнущ. Проектыр зи лъабжьэ щэнхабзэм я мурадщ льэпкъхэм я махуэшхуэхэр, фестивалхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ конференцхэмрэ, театр щІыкІэу гъэпса Іуэхугъуэхэр, цІыхухэр гупсэхуу щыізэпсэльэну нэгъуэщІ зэхьэхьэхэр кьызэрагъэпэщыну.

- «Кавказ Ищхьэрэ» льэпкъ пщІантІэ»-мкІэ ди мурадыр Кавказым и щэнхабзэ кьулеигъэр, дуней псом щызэлъэІуІисауэ хьэщІэм кІэлъызэрахьэ хабзэр, ижь-ижьыж льандэрэ кьадекІуэкІ Іуащыгъэр, я тхыдэм хуащІ пщІэр, я щэнхабзэм зрагъэжьжьу льэпкъ куэдым щыщхэр зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу зы щІыпІэм зэрыщызэдэпсэуэм и щапхъэхэр кьэгъэльэгъуэнырщ, - жиІащ проектым и унафэщІ Рустамов Сергей.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Топсэлъыхь, унафэкIэ щIагъэбыдэ

● КЪР-м и Правительствэм

Ди газетым зэрытетащи, КЪР-м и Правительствэм и зи чэзу зIуIущIэм Iуэхугъэу 20-м щыхэплъащ. Абы и Унафэщ Меркулов Александр зэхыхьэр хьыбарыфIкIэ къызэIуихащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуныгъэм ишкъ иткIэ, адрей гъэхэм хуэмылэу, иджы нэхъ пасэу мазае-гъатхэпэ мазэхэм федеральнэ бюджетым кIыхьэкIыу республикэм мылъку хъарзынэ кIыIэрыхьэнущ.

- ГЪАТХЭ-губгъуэ лэжьыгъэхэр и нэхум зэфIэтэжкIыныжкIэ, псынкIэу щIэныгъэ жыг хадэхэм зедгъэубгъуныжкIэ ар сэбэпышхоу кIытхуэхъунущ. Дэ кIыхтэщыгъэ пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыныжкIэ нэхьапэм диIа зэфIэкIыр зэдгъэгъуэтыжкIыу, гъэкъэ мыГрыису кIыныгъэ жыр тонн мелуаным нэдгъэсыну, - кIыхиГащэщ Правительствэм и Унафэщым.

ЗIуIущIэм япэу щызэпхъахащ КЪР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъэуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм деж «Зыт щыт диспетчер службэ» къэрал Iуэхуцапи Iэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Гунжафи Мэри** къыхилъхьа проектыр ягъэхъзыращ 2009 - 2012 гъэхэм поми къагъэсэбэп пассажир автомобиль транспортымрэ кьалэ электрическэ транспортымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщауэжыну щIыкIэм зэрыщыгубзыхуам тетущ.

- Иужьрей илъэхэм республикэм куэду кьыщыынэхущ щыхухэр автомобиль транспортымрэ кьалэ электрическэ транспортымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщауэжыну щIыкIэм зэрыщыгубзыхуам тетущ.

- Иужьрей илъэхэм республикэм куэду кьыщыынэхущ щыхухэр автомобиль транспортымрэ кьалэ электрическэ транспортымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщауэжыну щIыкIэм зэрыщыгубзыхуам тетущ. Абы зэрыжиIамкIэ, проектыр ягъэхъзыращ 2009 - 2012 гъэхэм поликлиникэ куэду кьыщыынэхущ щыхухэр автомобиль транспортымрэ кьалэ электрическэ транспортымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщауэжыну щIыкIэм зэрыщыгубзыхуам тетущ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Хуэфащэ пщIэ, гулъытэ

(КIуухьмр. ПщIэдэхэр 1-нэ нап.).

Пэшыр щымыщ... Гур зыкъуэ макъамэм щIэтIу, афган зауэм хэкIуэда ди щIалэхэм я щIэ-унэщIэхэр къаратIу, абыхэм я сурэтхэр кьагъэлъагъуэ. КъраГъэблэгъахэм яхолъагъуэ зи нэпсыр езыльэщIэкI анэхэр, зи гур кьыззэфIэна, ауэ зызыIыгъ шыпхъуэхэмрэ кьуэшхэмрэ, Іыхьлы гъунэгъуэр. ДакьикьэкIэ щыму сэлэт хахуэхэм хуощIагъуэ...

- Афган зауэр XX лIэщIыгъуэм екIуэкIа зауэгуащIэхэм ящыщ зыщ. Абы кьалэныр щезыхьэкIа ветеранхэм, Іыгъэ кьагъэлъагъуэу хэкIуэда ди лъахэгъуэм пщIэ щыхуащI, я фоеплыр ягу кьыщагъэкIыж нобэрей зэхьхьэр кьыззэщIэпэщ хэм си щхьэкIэ, фэ псоми кьыибгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыпхъэщ, абы гулъытэ щыхуащIын хуейри дэ ч частхэмкI. Ар щIэблэр зыущий, хэкупсэу кьэтэджкиным хуэзыгъаэ Іуэхугъуэщ, - жиIащ КЪР-м и Президентым и Аппаратым и унафэщым и дэIепыкьуэгъу генерал-лейтенант **Батыр Мухьэмэд** кьызэхуэсахэм защыхуигъаэм.

АдэкIэ афган зауэм зэкIуэдахэм я Іыхьлыхэр чэзуэр утыкум къратхьэлэщ. Батыр Мухьэмэд, ГъукIэ Хьэсэнбий, Афганистаным и ветеранхэм я центрым и правленэм и унафэщI ЦIыпIанэ Мирзуан сымэ абыхэм фэеплъ дамыгъэхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ ираташ. Абыхэм зэрегупэа мылькур кьабгъэдэкIащ республикэм и кьалэ, район администрацэхэм.

Афган зауэм зэкIуэдахэм я Іыхьлыхэм, ветеранхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан,** Налшык щыIэ дзэ частым и лIыкIуэ **Белоусов Евгений,** Шэрдж куейм и администрацэм и унафэщI **Темыржан Махьты,** Дзэлыкъуэ куейм администрацэм и унафэщым и кьуэдзэ, афган зауэм и ветеран **Вындыжь Руслан,** Осетие Ищхъэрэм кьикIа гупым я лIыкIуэм, нэгъэщIэхэми.

ЦIыпIанэ Резуан сыт щыгъуи закьыщIэзыгъакъуэ кьалэ, район администрацэхэм фIыщIэ яхуищIащ. Апхуэдэуи кьыхигъащащ афган зауэм зэкIуэдахэм я феплъ куейхэм щагъэувыну абыхэм жэрдэм эзращIаг.

- Дэ зэи дигу ихунукъым афган зауэм лIыгъэ щызыгъэльэгъуэкъэр. Ди жагъуэ зэрыхьэнщи, ветеранхэми хэщIыныгъэ ягъуэт. Къэбгъэльагъуэмэ, а зауэм щагъуэта фэбжьым ихьащ ветеран 319-рэ. Нэгъабэ дунейм ехьажащ и лIыхъужьыгъэмрэ лIыгъэмрэ пашIэ орденэм 5, медалу 7 зыхуагъэфэща, Совет Союзми Урысейми я офицер хъэмыланджэж Бахьсэн Хьэсанщ, - кьыпищащ адэкIэ ЦIыпIанэм.

КЪР-м Экономикэмрэ жылагъуэ щыIэныгъэ и Советым и секретарь **Кумыщ Мухьэрбий** зэрыщIэлъэдзэ, афганистаным щызэуа ди щIалэхэм я республикэ зэгуухьныгъэм и унафэщI **Тхьэгъэлэдж Тимур.** - Афган зауэм кIуа ди совет зауэлIэхэм кьызэрагъэзэжрэ илъэс 21-рэ зэрырикъум теухуа зэхьхьэхэр нобэ Урысейм щокIуэкI. А зауэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху 1800-м щигъу хэтащ. Абыхэм ящыщу 2-м Бэракъ Плышэ, 112-м Вагъуэ Пльышэ орденхэр, 900-м щигъум кьагъэлъэгъуа хахуагъэм, зэрахьа лIыгъэм пашIэ медаль зэхуэмыдэхэр кьыхуагъэфащащ. Абы ди хэкуэгъу 55-рэ кьэIуэдащ, 300-м щигъэр зауэ нэужьым дунейм ехьажащ. ЗауэлIхэм зэрахьа лIыгъэр Іыхьлыхэм, благъэхэм, лъэпкъым и цIыхухэм ягу ихуэжыныкъым.

Тхьэгъэлэдж Тимур зэрыжиIамкIэ, фэеплъ пэкIум щыпащэнущ, концертхэр щекIуэкIынущ МафIэ мыужьыхьыж мемориалым и деж, Налшык и гимназие №29-м, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэм и институтым.

ПэкIум кърихьэлIащ афган зауэм зэкIуэдахэм я феплъым удэ гъэтхаэр тралъхащ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ухуэныгъэм и IэнатIэхэм зрагъэужь

● ЗэIуIущIэхэр

КЪР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIуIущI иджыблагъэ зэхэтащ. Абы щызэпхьрахащ 2009 гъэм я лъэныкъуэ зыхуэзащIэ щыуэ ахъшэр зэрыщытыр кьалэнхэмрэ.

МИНИСТР **АфэщIагъуэ Михаил** зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ я кьаруэр хуэзэщIыжыIуауэ ухуэныгъэм и IэнатIэхэм зегъэужьыным, ипэ ита илъэсым зэфIэгъэкIа хьуахэм зэрыкIэрамыгъэхуным.

Псори зэхэту псэуIэу ятащ жкт зэфIэуэнатIэм мин 255,02-рэ. Ар 2008 гъэм ахуэзэфIэкIам нэхърэ процентэ 3-м щигъэкIэ нэхьыбэщ. Кьуажэхэм метр зэбгъэуэнатIэ мин 68,2-рэ щатащ, унагъуэхэм езыхэм я мылькуKIэ метр зэбгъуэнатIэ мин 240,14-рэ ящащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом меларди 6-рэ мелуан 354,7-рэ и уасэ ирагъэкIуэкIащ. Ухуэныгъэм и унафэщI ухуэныгъэм и ухуакIуэхэм я зэгурыIуныгъэ щIыкIэр. Ар ильэситу пIалъэм тещIыхьащ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** кьыхилъхьэри, ахъшэкIэ зыдэIэпыкьуну щIыхуибгъэм и спискэр ягъэбелджылащ, республикэ бюджетым кьыхэкIыу абыхэм сом мин 274-рэ хуахахынущ.

Зэхьхьэм кьыщащтащ ЕгъэджакIуэм и илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщрагъэкIуэкIынум теухуа унафэ.

ЗIуIущIэм хэтащ КЪР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэхэу **ДышэкI Мадинэ, Уэнаев Казым,** министрхэр, къэрал комитетхэм я нэхьыжьхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Щыхьэр

«ЗауэлI щIыхьым и къалэ»

Іуэхур зэрагъэхьэзырам папщIэ ныбжьыщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ. Абы кьыхэзыхахэм зэкIэрыщIащ псоми я гъэлъэгъуэ. ЗауэлIхэм я щIалэхэм я къуэрыбжьэ. Ар фIыщIэ мы ныбжьыщIэ 12,34-рэ щеджэну школрэ сабий 70 зэкIуэлIэну гъэсапIэрэ ятащ, псы кIуапIэу километр 26,7-рэ, газ гуэшыпIэу километр 7-м щигъу, псы щIэжьпIэу метр 200 яуэхуэдизыщ.

- Ухуэныгъэхэр псэупIэкIэ кьыхэзгъэпэщын» программэ гуэдэхэм республикэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуан 45,6-рэ, щыпIэ бюджетхэм ящыщу мелуан 17,8-рэ хуахахащ. 2009 гъэм накьыгъэм и 19-м УФ-м и щыналъэ зэрыкьыхэныкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм 2002 - 2010 гъэхэм тещIыхьа «ПсэупIэ» федеральнэ программэ хэхам хэщIауэ зэкъэлъытэхэри щыIэщ. Ауэ щыхьэныгъэ, нэгъабэ я кьаруэр хуэзэщIыжыIуауэ ухуэныгъэм и программэ гуэдэхэмкIэ ди республикэр щытекIуауэ кьалъытащ икIи а Іуэхум сом мелуан 52-м щигъу кьыхуауэ ТыпкIэ Мэрэдыдэ ахъшэр зэрыщытру щыIэ хабзэм тету унагъуэ ныбжьыщIи 174-м ятедгъэщащ. - кьыхихъэщащ АфэщIагъуэ Михаил. - «ПсэупIэкIэр щауэуэну щы Іыхьэкъэ коммунальнэ инфраструктурэкIэ кьызэгъэпэщын» программэ гуэдэхэм ипкъ иткIэ, «КъуэкIыпIэ» хьэбэм и проект-сметэ тхьилъэр тхьэхъэщыным республикэ бюджетым сом мелуан 17-м щигъу щагъэбелджылати, мелуани 10-р кьэдгъэсэбэпащ. «Коммунальнэ инфраструктурэм и объектхэр егъэфIэкIуэн программэ гуэдэхэм мы гъэм сом мелуан 208,6-рэ кьыхуаутIыпщащ. Къуэмапэ банкым и щыналъэ кьудамэм изгъэабэ сом мелуан 336,643-м хуэзэ ипотекэ псэупIэ кредиту 429-рэ, «КъР-м и ипотекэ» ОАО-м сом мелуан 99,640-м пэкIуэ щыхьэзу 90 ятащ. Ветеранхэр, ныкьуэдыкьуэхэр, абыхэм я унагъуэхэр, сабий ныкьуэдыкьуэ зыпIэхэм папщIэ федеральнэ бюджетым кьыбгъэдэкIыу сом мелуан 30,7-рэ кьытхуэмыуэн, зытещIыхьа Іуэхум хэтлъхьащ, цыху 83-м субсидиехэм я тхьилъэр зэтехъэм щащ, апхуэдэу зауэм хэтахэм ящыщу 12-м я псэупIэкIэр едгъэфIэжащ.

Ахъшэ зэрыщIэлъэдзэ, Іуэхугъэхэр, зэрыщIэлъэдзэ, мэкъумэщ, физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным жыдэжру зэрыхэтыр, Урысейм дзюдомкIэ и чемпионатыр ди республикэм щагъэкIуэкIыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ кьыхуагъэфэща щыIэныгъэ.

ЗIуIущIэм хэтащ КЪР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Отаровэ Роэ,** республикэм и Парламентым Жу зэныгъэмкIэ, псэпIэ-комунальнэ хозяйствэмрэ тхьэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерэ,** финансхэмкIэ министрым и кьуэдзэ **Мишковэ Иринэ** сымэ, Іуэхур зэгъэщIылIа Іэнатlэхэм я лыкIуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Хьэрычэт ящIэным трегъэгушхуэ

Прохладнэ муниципальнэ районым мы гъэми щыпащэнущ зи Іуэху кьыдэзыхьыжыну хуейхэм ядэIэпыкъуным. Абы ипкъ иткIэ, лэжьапIэнщIэхэм дэтхэнэми сом мин 58,8-рэ ираты-нущ, я Іуэху зэтраухэн щыIэ. Ар зэрыжаIащ Іэнатlэм щыщIэ щыты-кIэ тхЫир къэгъэщIабэм и зы хэкIыпIэщ.

РАЙОНЫМ цIыху-хэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ и центрым и инспектор **Ету Татьяна** зэрыжиIамкIэ, федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщу сом мелуани 5-м ящIагъэ нэгъабэ я Іуэхум халъхьащ, абы и фIыгъэкIэ цIыху 85-м езыхэм я Іэнатlэ кьызэIуахыжащ. Къапщтэмэ, Приблизнэ станицэм, Прогресс кьуажэм щыщхэу Полинкъэ Викторие Атакуев Юсупрэ бжьэ, мэл гъэхъуным, алътуддэсхэу ДIуп Ларисэрэ Нэгъуэй Хьэдисрэ тепIащ хозяйствэм, Іэщ Іэвыщ Іэ гъэшхэным, Пролетарскэ кьуажэм щыпсэу Дмитрачковэ Маринэ парикмахер Іуэхуитхьэбзэхэм зратащ.

- Мы программэм хэдгъэхъэн щхьэкIэ, нэгъабэ цIыхухэм делъэIун хуей хъууэ щытамэ, иджы апхуэдэ жэрдэм яIэу тхылъ кьэзытахэр 100-м щIегъу, - кьыхигъащащ Ету Татьяна.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ.

● Профсоюз Іуэхуэр

ЗэгъэуIуауэ зэдэIэжьэн

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КЪР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкъан.**

Пленумым и лэжьыгъэм хэтащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Бозий Натбий**, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат**, профсоюз Іуэхущ Іэхэм я лIыкIуэхэр.

2009 гъэм и лэжьыгъэм кьрикIуаэхэм, 2010 гъэм кьапэщIт кьалэнхэм теухуауэ кьыщыпсалъэм, Тау Пщыкъан зэпхьрахауэ кьыхуеувыващ мы зэманым профсоюзхэр нэхъ зыгъэпIейтей Іуэхугъуэхэм. Кьапщтэмэ, ахэр хущIокъу кьэрал политикэм социальнэ Іэнатlэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщIыным, иужь лъэхъэнэм зэфIэува щыткIэ гугъум кьыхэкIыну лэжьыгъэ Іэнатlэр зыIэпIэIуэдахэм зэрадэIэпыкъуным.

- Нэгъабэ республикэм и экономикэм зэпIэзэрыту зиужьащ. Финанс Іэнатlэр зэтеуауэ щытащ, банкрот ящ. Апхуэдизкъэ гъэхъуакъым, лэжьапIэншэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Кьызэрагъэпэща Іэнатlэ 10-м щIыхь 2700-м лэжьыгъэ щагъэуэтащ. 2008 гъэм епIыпIэ, курыт лэжьапщIэр процент 16-кIэ, пенсэр процент 22-кIэ хэхъуащ. А псори кьрикIуащ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм теухуауэ властым и органхэмрэ цIыхухэр Іэнатlэкъ кьыззэщIэпэщамрэ зэгъэуIуауэ я лэжьыгъэр зэрауэнатlам, - жиIащ профсоюз унафэщым.

КЪР-м и профсоюзхэр лэжьыгъэм и кьэлIэ зэхьхьэрэ, цIыхухэм зыкъызэрыхуагъэзэмрэ я тхьэусыхафэхэмрэ зэкIэлъащ, судым зыхуагъэзэн хуей хъумэ, я тхьилъмIпIэкIэ ягъэхъзыырыныжкIэ къэгъэлъэгъуэнущ. Цыхуу 1200-м профсоюзхэм я деж зыхуей чэнджэщ щагъуэтащ.

КЪР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и техникэ инспекциемрэ рескомхэмрэ лэжьыгъэр шынагъэнущэу кьызэрызэгъэпэщам, абы теухуауэ хабзэм къигъэувэкIэ зэрагъэзащIэм теухуа къэпсалъэныгъэ 373-рэ ягъэзащIэкIащ. Абыхэм япкъ иткIэ кьыщIагъэща ныкьусаныгъэ 1680-р ягъэзэкIуэжыным хуэгъэза тхьилъ 209-рэ зыхуэфащэхэм Іэрагъэхьащ. А Іуэхугъэуэм адэкIи гулъытэ хуащIынущ.

Профсоюзхэм я жэрдэмкIэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа щэнхабзэ, спорт Іуэхугъуэхэм, щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэхьыным теухуауэ зэфIагъэхIакхэмрэ адэкIэ кьапэщIытхэмрэ кьытеувыващ профсоюз унафэщIыр. Теуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу зауэм и ветеранхэм гулъытэ хуэзэщIыным зэрыхуейри кьыхигъащащ.

Федерацэм и унафэщым кьызэрыгъэльэгъуащи, сыт хуэдэ гугъуэрэ зыгъэпIейтей хуейщ къэрал властым, республикэм и унафэщIхэм иращIылIэ зэгурыIуныгъэхэм япкъ иткIэ. Ура́мым укъыдыгъэзу мыарзэныгъэ къэгъэлъэгъуныр къэзэгъыжыр кьым дэзманым. АтIэ акъыл хэлъу, зэгъэуIуауэ дэтхэнэ зы Іуэхугъуэри дэгъэкIын хуейщ.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Щэрэдж райкомым и унафэщI **Зукаевэ Саният** кьыщыпсалъэм нобэ куэд арэзы зытемыкIуэ, зыгъэпIейтей Іуэхугъуэхэм зэпкърыкъуэ кьытеувыващ.

- Бюджет Іэнатlэхэм улахуэр зэрыщат щыкIэщIэм кьрикIуаэхэм я гугъу пщIымэ, ар процент бжьыгъэкIэ нэхъыбэ хъуащ, арщхьэкIэ ар зыхэзыщIэр мащIэ дыдэ фIэкIа къэзымыкIыу щытатэу зи лэжьапIэр сом 4330-м нэсахэрщ, а псори зэзыгъакIуэ унафэщIэхэрщ. Адрейхэм я деж ар зэрыщыхэхъуар зы мащIэ дыдэщ е нэгъабэрэм хуэдэу кьэнэжащ, уеблэмэ хэщIауэ зэкъэлъытэхэри щыIэщ. Ауэ щыхьэныгъэ, нэгъабэ я кьаруэр хуэзэщIыжыIуауэ ухуэныгъэм и программэ гуэдэхэмкIэ ди республикэр щытекIуауэ кьалъытащ икIи а Іуэхум сом мелуан 52-м щигъу кьыхуауэ ТыпкIэ Мэрэдыдэ ахъшэр зэрыщытру щыIэ хабзэм тету унагъуэ ныбжьыщIи 174-м ятедгъэщащ. - кьыхихъэщащ АфэщIагъуэ Михаил. - «ПсэупIэкIэр щауэуэну щы Іыхьэкъэ коммунальнэ инфраструктурэкIэ кьызэгъэпэщын» программэ гуэдэхэм ипкъ иткIэ, «КъуэкIыпIэ» хьэбэм и проект-сметэ тхьилъэр тхьэхъэщыным республикэ бюджетым сом мелуан 17-м щигъу щагъэбелджылати, мелуани 10-р кьэдгъэсэбэпащ. «Коммунальнэ инфраструктурэм и объектхэр егъэфIэкIуэн программэ гуэдэхэм мы гъэм сом мелуан 208,6-рэ кьыхуаутIыпщащ. Къуэмапэ банкым и щыналъэ кьудамэм изгъэабэ сом мелуан 336,643-м хуэзэ ипотекэ псэупIэ кредиту 429-рэ, «КъР-м и ипотекэ» ОАО-м сом мелуан 99,640-м пэкIуэ щыхьэзу 90 ятащ. Ветеранхэр, ныкьуэдыкьуэхэр, абыхэм я унагъуэхэр, сабий ныкьуэдыкьуэ зыпIэхэм папщIэ федеральнэ бюджетым кьыбгъэдэкIыу сом мелуан 30,7-рэ кьытхуэмыуэн, зытещIыхьа Іуэхум хэтлъхьащ, цыху 83-м субсидиехэм я тхьилъэр зэтехъэм щащ, апхуэдэу зауэм хэтахэм ящыщу 12-м я псэупIэкIэр едгъэфIэжащ.

Ахъшэ зэрыщIэлъэдзэ, Іуэхугъэхэр, зэрыщIэлъэдзэ, мэкъумэщ, физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным жыдэжру зэрыхэтыр, Урысейм дзюдомкIэ и чемпионатыр ди республикэм щагъэкIуэкIыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ кьыхуагъэфэща щыIэныгъэ.

ЗIуIущIэм хэтащ КЪР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Отаровэ Роэ,** республикэм и Парламентым Жу зэныгъэмкIэ, псэпIэ-комунальнэ хозяйствэмрэ тхьэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерэ,** финансхэмкIэ министрым и кьуэдзэ **Мишковэ Иринэ** сымэ, Іуэхур зэгъэщIылIа Іэнатlэхэм я лыкIуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Про хладнэ куей

Хьэрычэт ящIэным трегъэгушхуэ

Прохладнэ муниципальнэ районым мы гъэми щыпащэнущ зи Іуэху кьыдэзыхьыжыну хуейхэм ядэIэпыкъуным. Абы ипкъ иткIэ, лэжьапIэнщIэхэм дэтхэнэми сом мин 58,8-рэ ираты-нущ, я Іуэху зэтраухэн щыIэ. Ар зэрыжаIащ Іэнатlэм щыщIэ щыты-кIэ тхЫир къэгъэщIабэм и зы хэкIыпIэщ.

РАЙОНЫМ цIыху-хэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ и центрым и инспектор **Ету Татьяна** зэрыжиIамкIэ, федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщу сом мелуани 5-м ящIагъэ нэгъабэ я Іуэхум халъхьащ, абы и фIыгъэкIэ цIыху 85-м езыхэм я Іэнатlэ кьызэIуахыжащ. Къапщтэмэ, Приблизнэ станицэм, Прогресс кьуажэм щыщхэу Полинкъэ Викторие Атакуев Юсупрэ бжьэ, мэл гъэхъуным, алътуддэсхэу ДIуп Ларисэрэ Нэгъуэй Хьэдисрэ тепIащ хозяйствэм, Іэщ Іэвыщ Іэ гъэшхэным, Пролетарскэ кьуажэм щыпсэу Дмитрачковэ Маринэ парикмахер Іуэхуитхьэбзэхэм зратащ.

- Мы программэм хэдгъэхъэн щхьэкIэ, нэгъабэ цIыхухэм делъэIун хуей хъууэ щытамэ, иджы апхуэдэ жэрдэм яIэу тхылъ кьэзытахэр 100-м щIегъу, - кьыхигъащащ Ету Татьяна.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ.

ДЫГУЛIБГЪУ Жантинэ.

●ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Тхыдэм щыщ дэфтэрхэр

Хэкур псэемыблэжу хъумэжыным, бийм ерыщу пэщIэтыным икIи хьэбэсабэу ар зэтекъутэным теухуауэ Хэку зауэшхуэм и зэманым къэрал унафэ зыбжанэ къыдэкIащ.

ПсэзэпылъхьэпIэу щыта 1941-1942 гъэхэм ящIа унафэ ткIийхэм ящыщщ, къапщтэмэ, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIа Указ «Зауэ щытыкIэ гъэувыным и IуэхукIэ» жыхуиIэр, СССР-м и Совнаркомымрэ ВКП (б)-м и ЦК-мрэ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м къащта Директивэр, Дзэ Плъыжьым и Командованэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм 1941 гъэм шыщхьэIум и 16-м и Приказ №270-р, «Москва къэтIысыхьа (осаднэ) щытыкIэм игъэувэным и IуэхукIэ» Зыхъумэжынымкlэ Къэрал Комитетым 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къищта унафэр, СССР-м Зыхъумэжынымкlэ и ЦIыхубэ Комиссарым 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м и Приказ №227-р, нэгъуэщIхэри.

Куэд зэрыщымыгъуазэм икIи адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ зэи дунейм къызэрытемыхьам къыхэкIыу, зи гугъу тщIы унафэхэр - тхыдэм и дэфтэрхэр - фи пащхьэм идолъхьэ, мащIэу гъэкIэщIауэ.

ЛIЫГЪУР Чэрим.

1. Зауэ щытыкIэ гъэувыным и IуэхукIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэ

(1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22)

1. СССР-м и Конституцэм и статья 49 (п. «П») ипкъ иткIэ Зауэ щытыкIэр щагъэув СССР-м и щIыналъэ псоми е абы и Iыхьэ щхьэхуэхэм, СССР-м и зыхъумэжыныгъэ Iуэхум щхьэпэ хуэхъун икIи жылагъуэ хабзэхэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэща хъун папщIэ.

2. Зыхъумэжыныгъэм, жылагъуэ хабзэм, шынагъуэншагъэм ехьэлIауэ къэрал властым игъэзащIэ псори Зауэ щытыкIэ щагъэува щIыпIэхэм фронтхэм, армэхэм, зауэ округхэм я военнэ советхэм я пщэм далъхьэ, апхуэдэ советхэр зыдэщымыIэм дзэ гупхэм я командованэ нэхъыщхьэм къалэн щащIыр.

3. Зауэ щытыкIэ щагъэува щIыпIэ щхьэхуэхэм военнэ властхэр хуит щащI:

а) хабзэ къекIуэкIымрэ Правительствэм и унафэ щыIэхэмрэ япкъ иткIэ зыхъумэжыныгъэм пыщIа лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщыну; зэрызекIуэ гъуэгухэр, связь Iэмэпсымэхэр, электростанцхэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэхэр, нэгъуэщI объектхэр я хъумэн папщIэ икIи мафIэс къэхъухэм, эпидемиехэм, къэ хъукъащIэ шынагъуэхэм ебэнын щхьэкIэ цIыхухэр лъэщыгъэкIэ къращэлIэну;

б) зауэ частхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ щIагъэтIысхьэн папщIэ зауэ-фэтэр (военно-квартирнэ) къалэныр цIыхухэм я пщэм далъхьэну;

в) унейуэ ябгъэдэлъ, IэнатIэ щхьэхуэхэм яIэщIэлъ шы, шыгу, автотранспортхэр зауэ хуэIухуэщIэхэм щхьэкIэ къагъэсэбэпыныр ирагъэкIуэкIыну;

г) зыхъумэ жыныгъэм и саулыкъукIэ къэралым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, кооператив IуэхущIапIэхэм, организацэхэм, цIыху щхьэхуэхэм яIэщIэлъ транспорт лIэужьыгъуэхэмрэ абыхэм ябгъэдэлъ нэгъуэщI мылъкухэмрэ къатхьэкъуну;

д) IуэхущIапIэхэм, абыхэм ящыщу театр, кино, н.къ. я лэжьэгъуэ зэманыр яубзыхуну; зэхуэс, зэхыхьэ, шествие, къинэмыщI Iуэхухэр ягъэбелджылыну; зэман пыухыкIам и ужькIэ зыри уэрамым къыдыхьэну хуит ямыщIыну; гъуэгухэм щызэхэзекIуэныр кIащхъэ ящIыну; хуей хъужыкъуэ щыхъум деж гурыщхъуэ зыхуащI цIыхухэр къащыну икIи яубыдыну;

е) сату зыщI организацэхэм (бэзэр, тыкуэн, склад, шхапIэ-ефапIэ), коммунальнэ IуэхущIапIэхэм сату щIэкIэхэр, я лэжьыгъэхэр яубзыхуну, къимыдэкIэ цIыхухэм хуаутIыпщ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ я мардэр ягъэувыну;

ж) зауэ щытыкIэ щагъэува щIыпIэм ихьэ-икI щамыгъэIэну;

з) щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам е ар зылэжьахэм я пыхъуэпышэу зэрыщытым къыхэкIыу дзыхь зэбгъэз мыхъуну къалъытахэр зауэ щытыкIэр щагъэува щIыпIэм е абы и куей щхьэхуэхэм лъэщыгъэкIэ ирах уну.

4. Мы Указым и 3-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа псомкIи военнэ властхэр хуит ящI:

а) фIэкIыпIэншэу жылагъуэ псоми ягъэзэщIэн хуей унафэхэр къыдагъэкIыну икIи а унафэхэр зымыгъэзащIэхэм тезыр ятрилъ хьэну, мази 6-кIэ ягъэтIыскIэрэ е къуэдыуэ сом 3000 яригъэпшынкIэрэ;

властым и щIыпIэ органхэм, къэрал, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, организацэхэм унафэ яхуищIыну икIи ар псалъэмакъыншэу ягъэзэщIэныр къызэрагъэпэщыну.

5. Жылагъуэ хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэща хъун папщIэ, къэрал властым и органу, жылагъуэ IуэхущIапIэу е организацэу щIыпIэм щыIэ псоми я къалэнщ военнэ властхэм сыт ищIыскIи зыщIагъэкъ уэну, Iэмалрэ хэкIыпIэу яIэ псори къагъэсэбэпу.

6. Военнэ властхэм я унафэхэмрэ приказхэмрэ къызэпызудхэр, апхуэдэу зауэ щытыкIэ щагъэува щIыпIэм щIэпхъаджагъэ щызылэжьхэр уголовнэ жэуапым ирашалIэ зауэ зэманым и хабзэм те ту.

7. Зауэ щытыкIэ щыгъэува щIыпIэм зыхъумэжыныгъэм, жылагъуэ хабзэм, къэралым и шынагъуэншагъэм ехьэлIауэ къаIэт уголовнэ Iуэху псори зыIыгъ судым къыIахыжри, военнэ трибуналхэм иратыж, хэплъэн папщIэ…

8. Военнэ трибуналхэр Iуэхум зэрыхэплъэ щIыкIэр «Зауэ щекIуэкI щIыпIэхэм щыIэ Военнэ трибуналхэм я Положенэм» тету ирагъэкIуэкI.

9. Военнэ трибуналхэм я приговорхэм кассационнэ хабзэм тету утетхьэусыхэ хъунукъым…

10. Мы Указыр къыщагъэсэбэп щытыкIэ ямылей зэрыщыIэм къыхэкIыу къэрал властым и щIыпIэ органхэр здэщымыIэ икIи СССР-м и къэрал унафэхэр щыземыкIуэ щIыпIэхэми.

Зауэр щекIуэкI щIыпIэхэм япэгъунэгъу областхэм щыIэ парт, совет органхэм я де ж.

II. СССР-м и Совнаркомымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ я Унафэ

(1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29)

ХЬЭГЪЭЩАГЪЭ хэлъу фашист Германием Совет Союзым къришIылIа зауэр иджыри йокIуэкI. Бийм и мурад нэхъыщхьэр совет къаралым зэтекъутэн, совет щIыналъэр зэрыпхъуэн, совет цIыхухэр пщылIыпIэм игъэувэн, ди къэралыр зэхэфыщIэн, ди гъавэ, щIыдагъэхэр зэлъэфэлIэн, помещикхэмрэ капиталистхэмрэ я тепщэныгъэр зэфIэгъэувэжыныр аращ. Ди Совет щIыналъэм бийр къизэрыгуащ. Литвам и щIыналъэм и нэхъыбапIэр абы иубыдащ, Каунас, Вильнюс къалэхэри хэту. Совет Белоруссием щыщу Брест, Белосток, Вилейск областхэр зэрипхъуащ, КъухьэпIэ Украинэм щыщ ку ей зыбжанэ зыIэригъэхьащ. НэгъуэщI область зыкъомми шынагъуэ къащхьэщыхьащ. Ригэ, Минск, Оршэ, Могилев, Смоленск, Киев, Одессэ, Севастополь, Мурманск къалэхэр бомбэкIэ зэтракъутэ.

Ди къэралыр лIэнкъэнэну пэщIэуващ бий хьилэшы икIи шынагъуэм - нэмыцэ фашизмэм. Ди зауэлIхэр лIыгъэ зэрахьэу йозауэ танкрэ кхъухьлъатэкIэ зэщIэузэда бийм. Совет щIыналъэм и дэтхэнэ зы бжьизри ихъумэкIэрэ, Дзэ Плъыжьым зауэ хьэлъэхэр ирегъэкIуэкI, гугъуехь икIи хьэзаб ку эдым хэ ту.

Шынагъуэ иныр ди къэралым къыщхьэщыхьа пэтми, языныкъ уэр пар т, совет, профсоюз, комсомол организацэхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ я гур гъэтIылъауэ щысхэщ, а шынагъуэм и дыджагъыр, зауэм щытыкIэр ткIий дыдэ зэрищIар, Хэкур псэзэпылъхьэпIэ зэрихуар къагурымыIуэу икIи тегушхуэныгъэ хэлъ у, къар уу э щыIэр зэщIэгъэуIуауэ лэжьыгъэ псори зауэ Iуэхум тещIыхьын зэрыхуейр зэхамыщIыкIыу…

СССР-м и Совнаркомымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ ткIийуэ къыфхуагъэув:

1. Щысхьырабгъу хэмылъу бийм дыщебэн зэманым лъы ткIуэпс къытщIэмынэху Совет щIыналъэм и дэтхэнэ зы кIапэри, дэтхэнэ зы къалэри икIи къуажэри хъумэжын, ди цIыхубэм яхэлъ хахуагъэм, жанагъым я щапхъэхэм те ту.

2. ЗэуапIэм Iут армэм сыт ищIыскIи зыщIэгъэкъуэн, зэкIэ ирамыджэу къэна цIыхухэр зэщIэгъэуIуауэ дзэм дэшын, зыхуей-зыхуэныкъуэ псомкIи армэр къызэгъэпэщын, зауэлIхэмрэ зауэ хуэIухуэщIэхэмрэ къызэрырашэкI транспортым и лэжьэкIэр щIэгъэхуэбжьэн, сымаджэщхэр, еджапIэхэр, клуб хэр, IуэхущIапIэхэр госпиталь щIыжауэ, уIэгъэ хъуа зауэлIхэм дэгъэIэпыкъун.

3. Лэжьыгъэ псори фронтым и сэбэп зыхэлъым хуэгъэпсауэ, Дзэ Плъыжьым и тылыр гъэбыдэн; IуэхущIапIэ псори щхьэкъэIэт ямыIэу лэжьэныр къызэгъэпэщын; гуащIэрыпсэу псоми быдэу ягурыгъэIуэн, щыIэ хъуа щытыкIэр къалъытэу, я пщэм дэ лъ къалэнхэр псэемыблэжу ягъэзэщIэн зэрыхуейр; заводхэр, электростанцхэр, лъэмыж икIыпIэхэр, телефон-телеграф хуэIухуэщIэхэр хъумэныр къызэгъэпэщын; щысхьырабгъу хэмылъу ебэнын тылым щекIуэкI лэжьыгъэхэр къызэпызудхэм, дзэм къыхэкIуэсыкIыжахэм, хьэгъапхъэхэм (паникерхэм), хъыбар нэпцI зыгъэIухэм; истребительнэ батальонхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу шпионхэр, диверсантхэр, бийм къридзых парашютистхэр зэтеукIа хъун папщIэ…

4. IэмалыншагъэкIэ Дзэ Плъыжьым и частхэр къикIуэтын хуей щыхъум деж, бийм къыхуэбгъанэ хъунукъым зы гъущI гъуэгу зекIуапIи, мафIэгуи, щIакхъуэ Iыхьи, гъэсыныпхъэ литри: псори лъэныкъуэ егъэзын хуейщ. Колхозхэтхэм я пщэм къыдохуэ я Iэщхэр ягъэIэпхъуэну, ябгъэдэлъ гъавэхэкIхэр къэрал органхэм иратыну, зау э щемыкIуэкI щIыпIэм ирагъашэу, хъума хъун папщIэ. БгъэIэпхъуэ мыхъуну къанэ хъугъуэфIыгъуэхэр, абы щыщу гъущIхэкI лъапIэхэр, гъэсыныпхъэхэр, гъавэхэкIхэр зэтегъэсхьэн хуейщ.

5. Яубыда щIыналъэхэм партизан отрядхэмрэ диверсие гупхэмрэ къыщызэгъэпэщын, бийм и частхэм ебэнын, дэнэ дежи партизан зауэр щызэщIэгъэплъэн, лъэмыжхэр къэгъэуэн, гъуэгухэр зэтекъутэн, бийм и телефон-телеграф IэмэпсымэхэрIисраф щIын.

Бийм хуэмыхьын щытыкIэ гугъу яубыда щIыпIэхэм къыщызэгъэпэщын, дэнэ дежи ахэр къыщылъыхъуэн икIи щызэтеукIэн, я мурад бзаджэхэр къатегъэщэхэн.

6. ИкIэщIыпIэкIэ военнэ трибуналым и судым етын зыхъумэжын Iуэхум къэрабгъэу е хьэгъапхъагъэкIэ зэран хуэхъу дэтхэнэ зыри, ар хэтуи щрети.

* * *

СССР-м и Совнаркомымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ жьэнахуэу къыжаIэ фашист Германием къыдищIылIа зауэр Совет къэралыгъуэм дежкIэ псэзэпылъхьэпIэу, Совет Союзым и цIыхухэр щхьэхуиту къэнэнрэ пщылIыпIэм иувэнрэ щызэхэкI зэман хьэлъэу зэрыщытыр.

Иджы псори елъытащ жыджэру зыкъэтIэту, Iуэхум кIэщIу и ужь дызэрихьэным икIи дакъикъэ закъуи дымыгъэкIуэду, Iэмалрэ хэкIыпIэу диIэ псори къэдгъэсэбэпу занщIэу бийм дызэрыпэщIэувэным.

Большевикхэм я пщэм къыдохуэ псэемыблэжу Дзэ Плъыжьым зыщIэгъэкъуэну икIи текIуэныгъэр къэхьа хъун папщIэ цIыхубэр Коммунист партымрэ Совет Правительствэмрэ быдэу къуагъэувэну.

ВКП и ЦК-м хэт псоми, обкомхэм, крайкомхэм, Союз республикэхэм я ЦК-хэм я секретархэм, область, крайисполкомхэм, республикэхэм я СНК-м я председателхэм, горком, райкомхэм я секретархэм, район, къалэ исполкомхэм я председателхэм я деж

III. Дзэ Плъыжьым и Командованэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм и Унафэ

№270 1941 гъэм шыщхьэIум и 16

ДИ НЫБЖЬЭГЪУХЭМ я мызакъуэу, ди жагъуэгъухэми къалъытэн хуей хъуащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм я бийуэ екIуэкI щхьэхуитщIыжакIуэ зауэм Дзэ Плъыжьым и частхэм я нэхъыбапIэм, абыхэм я командирхэмрэ комиссархэмрэ дагъуэ яншэу, хахуагъэ яхэлъу, лIыгъэ ин зэрахьэу зэрыщытыр.

ЗэрымыщIагъэкIэ зыщыщ армэм къыкIэрыхуу, къаувыхьын хуей хъуа ди часть языныкъуэхэм къэмыдзыхэу икIи лIыгъэ яхэлъу заIыгъщ. Ахэр хущIокъу, бийм удын хьэлъэ ирадзурэ, къызэраухъуреихьам къикIыну…

КъухьэпIэ фронтым и командующэм и къуэдзэ генерал-лейтенант Болдин, бийм къиувыхьа Белосток и Iэшэлъашэхэм деж щыIэкIэрэ, 10-нэ армэм и часть къэнэжахэм я деж отряд зыбжанэ къыщызэригъэпэщащ икIи, махуэ 45-кIэ бийм и тылым щызауэурэ, ахэр къызэраувыхьам къикIыжри, КъухьэпIэ фронтым и къару нэхъыщхьэхэм къахыхьэжыну яхузэфIэкIащ. Абыхэм ялъэкIащ нэмыцэ политIым я штабхэр зэтрагъэсхьэну, танк 26-рэ, маршынэ зэмылIэужьыгъуэу 1049-рэ, мотоциклу 147-рэ, топгъауэ батарееу 5, миномету 4, кърашэкI пулемету 15, Iэрызехьэ пулемету 3 зэтракъутэну, аэродромхэм тета кхъухьлъатэхэмрэ абыхэм щыIэ складхэм щIэлъа бомбэхэмрэ къагъэу эну. Нэмыцэ сэлэтрэ офицеру миным щIигъу абыхэм яукIащ.

ШыщхьэIум и 11-м (1941 гъ.) генерал-лейтенант Болдиныр, нэмыцэхэм я щIыбагъым къыдыхьэри, нэмыцэ фронтыр зауэкIэ къызэпхитхъащ икIи зауэлI 1654-рэ (абы щыщу уIэгъэу 103-рэ) бийм къыIэщIигъэкIыжащ

8-нэ механизированнэ корпусым и комиссар Попелрэ 406-нэ фочауэ полкым и командир полковник Новиковымрэ, зауэ гуащIэхэр ирагъэкIуэкIыурэ, къэухъуреихьа цIыху 1778-рэ Iэщэр зэраIыгъыу къэрашыжыфащ. Абы щыгъуэми километр 650 зи кIыхьагъ гъуэгуанэ хьэлъэр къызэпачащ, хэщIыныгъэшхуэ бийм игъуэтурэ.

Ещанэ армэм и командующэ генерал-лейтенант Кузнецоврэ Военнэ Советым хэт, армэм и етIуанэ рангым и комиссар Бирюковрэ, зауэ хьэлъэхэр ирагъэкIуэкIыурэ, зауэлI 498-рэ Iэщэр зэраIыгъыу хуит къащIыжыфащ икIи 108-нэ, 64-нэ фочауэ дивизэми дэIэпыкъуащ.

Мы щапхъэхэмрэ абыхэм ещхь нэгъуэщI зыкъомымрэ щыхьэт тохъуэ ди дзэхэр бэшэчу, ди зауэлI, к омандир, комиссархэр къызэфIэмыщIэу зэрыщытым.

Ауэ щIэпхъумэ хъунукъым гъэру бийм зетыным и щапхъэ мыхъумыщIэхэри зэрыщыIэр. Языныкъуэ генералхэм щапхъэ щIагъуэ ди зауэлIхэм ирагъэлъагъуркъым.

28-нэ армэм и командующэ генерал-лейтенант Качаловыр, дзэ гупым я штабыр щIыгъуу къыщаухъуреихьым, занщIэу къэдзыхащ икIи нэмыцэ фашистхэм гъэру зэритащ. Штабри Качаловым и дзэхэм ящыщ гуп зыкъомри къэухъуреихьыныгъэм къикIыфащ, ауэ езы генералым гъэру зитмэ икIи бийм яхыхьэжмэ нэхъ къищтащ.

12-нэ армэм и командующэу щыта генерал-лейтенант Понеделиным, къаухъуреихьа щхьэкIэ, Iэмал иIащ езым и частым щыщ зыкъомым зэращIам хуэдэу, абы къикIыжыну икIи ди дзэм къахыхьэжыну. Ауэ Понеделиныр къэдзыхащ икIи, шынагъэр къытекIуэри, бийм гъэру зритащ, а щIыкIэмкIи Хэкум и пащхьэм щIэпхъаджагъэ щилэжьащ.

13-нэ фочауэ корпусым и командир генерал-майор Кирилловым, Хэкум и пащхьэм щиIэ къалэныр игъэзэщIэным икIи и унафэм щIэт частхэр бийм пэщIигъэувэным и пIэкIэ, нэмыцэ фашистхэм къызэраувыхьу, щIэпхъуэ жащ икIи гъэру зитащ. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу 13-нэ фочауэ корпусыр къызэтракъутащ, абы щыщ зыкъомми гъэру затащ…

Мы щапхъэ хьэдыгъуэдахэр щыхьэт тохъуэ къызэфIэмыщIэу икIи псэемыблэжу Совет Хэкур бий зэрыпхъуакIуэхэм ящызыхъумэ Дзэ Плъыжьым и сатырхэм иджыри къэрабгъэ, псэмахэ небэкъебэ гуэрхэр зэрахэтым. Сэлэтхэм я мызакъуэу, дзэзешэхэми апхуэдэхэр яхэтщ. ГурыIуэгъуэу зэрыщытщи, языныкъуэ командирхэмрэ политлэжьакIуэхэмрэ хахуагъэм, бэшэчагъым, Хэку лъагъуныгъэм и щапхъэхэр фронтым Iут зауэлIхэм ирагъэлъэгъуным и пIэкIэ, къуэгъэнапIэхэм зыкъуагъэпщкIуэжауэ дэсщ, тхылъымпIэхэр зэIапщIыкIри концеляриехэм щIэсщ. Абыхэм ялъагъуркъым зэхэуэхэр зэрекIуэкI щIыкIэр, гузэвэгъуэ тIэкIу къазэрыкIэщIэзэрыхьу, бийм зыхуагъэщхъ, я дамэтелъхэр зытратхъыжри, зэуапIэм къыIуожыжхэр.

Пшэч хъуну я псэр IукIауэ къыщIэпхъуэж икIи бийм гъэру зезыт къэрабгъэхэр е, гузэвэгъу э тIэкIу зэрихъ эу, къэдзых эу зи дамэ те лъхэр тезытхьыж икIи губгъуэм илъэдэж дзэзешэхэр Дзэ Плъыжьым и сатырхэм хэтыныр?

Хьэуэ, хъунукъым! Апхуэдэ гужьеигъуафIэхэмрэ къыщIэпхъуэж къэрабгъэхэмрэ щхьэрыутIыпщ пщIымэ, зэман кIэщIкIэ ди армэр зэхэщэщэжынщ, Хэкури хэкIуэдэжынщ…

Унафэ дощI:

1. Я дамэтелъх эр зытратхъыжурэ зэуапIэм къыIужыж е гъэру бийм зезыт командирхэмрэ политлэжьакIуэхэмрэ епцIыжакIуэу къэлъытэн икIи абыхэм я унагъуэм исхэр гъэтIысын, присягэм епцIыжу Хэкур зыщэжахэм я унагъуэу къэлъытауэ.

Дзэ унафэщI нэхъыщхьэхэмрэ комиссархэмрэ къалэн ящыщIын дзэзешэхэм ящыщ апхуэдэ епцIыжакIуэхэр я пIэм ираукIыхьыну.

2. Бийм къитIысыхьа частхэмрэ подразделенэхэмрэ я къалэнщ, Iэмал гуэр щыIэжыхукIэ, зауэр ирагъэкIуэкIыну, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу Iэщэ-фащэхэр сакъыу яхъумэну, фашист зэрыпхъуакIуэхэм хэщIыныгъэ иратурэ, абыхэм я тылымкIэ къыкIуэцIрыкIыжыну икIи ди дзэм къыхыхьэжыну.

ИгъэзащIэ къулыкъум емылъытауэ, дэтхэнэ зы зауэлIми и пщэм дэлъхьэн зи частхэр къаувыхьа дзэзешэхэм ткIийуэ ху агъэувыну, адрей ди дзэхэм яхыхьэжын папщIэ, зауэурэ фIэкIа къикIуэт зэрымыхьунур. Ар зи тхьэкIумэм изымыгъэхьэ икIи, пэщIэтыну хуэмейуэ, бийм гъэру зритмэ нэхъ къэзыщтэ дзэзешэмрэ зауэлI языныкъуэхэмрэ зэтеукIэн, щIылъэми уэгуми къыщагъэсэбэп къару псори ехьэлIауэ.

Гъэру бийм зезыта красноармеецхэм я унагъуэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъур къатехыжын.

3. Дивизиехэм я командирхэмрэ комиссархэмрэ къалэн ящыщIын батальонхэм, полкхэм я командирхэу зэуапIэ IэнатIэм Iумыхьэу, дзэхэм унафэ хуамыщIу, къуэгъэнапIэм дэсхэр икIэщIыпIэкIэ зэтрагъэкIыну, е къулыкъукIэ ягъэ лъэхъшэну, е къызэрыгуэкI зауэлI ящIыжыну, Iэмалыншэу щыщытым деж ахэр я пIэм ираукIыхьыну. Абыхэм я пIэм игъэувэн къыхэжаныкIа, лIыгъэ зыхэлъ икIи хахуэу щыт красноармеецхэмрэ командир нэхъыщIэхэмрэ.

Приказым къыщеджэн ротэ, эскадрон, батарее, эскадрилэ, командэ, штаб псоми я деж.

Дзэ Плъыжьым и Командованэ Нэхъыщхьэм и Ставкэ.

Зыхъумэжынымкlэ Къэрал Комитетым и УнафэщI
И. СТАЛИН.

●ЕгъэджакIуэм и илъэс

Адыгэбзэр зи гъуазэ

Хъыжьрокъуэ (Есэнкъул) Сэлисэт егъэджакIуэ IэщIагъэм и щэ ху къудым щыгъуазэ, ахэр и лэжьыгъэм шэщIауэ къыщызыгъэсэбэпхэм ящыщщ. Ар илъэс 30-м щIигъуауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм щыпэрытщ Кэнжэ дэт курыт школ №20-м. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм езыгъэдж Сэлисэт ехъулIэныгъэфIхэр иIэщ. Квалификацэ лъагэ зиIэ лэжьакIуэр школым адыгэбзэр щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIщ, егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я унэтIакIуэщ.

НАЛШЫК дэт педучилищэр 1977 гъэм къиуха нэужь, Сэлисэт егъэджакIуэу лэжьэн щIидзащ. Япэ щIыкIэ абы пэщIэдзэ классхэм щригъэджащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ КъБКъУ-м и филологие къудамэр къиухыжа нэужь, абы дзыхь къыхуащIащ класс нэхъыжьхэр иригъэджэну. Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкIами, Сэлисэт и IэщIагъэр къыIэщIэуэжагъуакъым, ноби жыджэру и IэнатIэр ирехьэкI. Ар зэи епцIыжакъым лэжьыгъэм хуиIа мурадым: анэдэлъхубзэр еджакIуэхэм фIыуэ ялъагъуу, ар ящIэу къэгъэтэджын, лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэм яхуэфащэ, хьэлщэн дахэ зиIэ, хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъ щIэблэ гъэсэн.

А мурадыр зи гъуазэ егъэджакIуэр сыт щыгъуи жыджэру хущIокъу ар зэрызригъэ хъулIэным икIи абыкIэ зэфIэкI хьарзынэ зэриIэри нэрылъагъущ. ЕгъэджакIуэри и гъэсэнхэри зы илъэси къэмынэу хэтщ школми, къалэми, республикэми адыгэбзэкIэ щрагъэкIуэкI зэпеуэ хэм, хэтым къыщымынэу, увыпIэфIхэр къыщахь. Апхуэдэу Хъыжьрокъуэр жыджэру хэтщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» щIыналъэпсо фестиваль-зэпеуэм, дерс зэIуха купщIафIэхэр иту, класс щIыб лэжьыгъэфI къигъэлъагъуэу.

Сэлисэт хэтщ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэу Налшык къалэ департаментым щыIэм къыщызэрагъэпэща щIэныгъэтворческэ гупым. Ар щIэхщIэхыурэ къыщопсалъэ егъэджакIуэхэм я зэIущIэхэм, и лэжьыгъэм щIэуэ хилъхьамкIэ адрей егъэджакIуэхэм ядэгуашэу.

Сэлисэт мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ Кэнжэ къуажэ администрацэм, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. 2009 гъэм Хъыжьрокъуэм къыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Нобэ Хъыжьрокъуэ Сэлисэт «Адыгэ псалъэм» ди хьэщIэщ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэджхэм ар ядогуашэ и Iуэху зехьэкIэмкIэ. Фи пащхьэ итлъхьэ методикэ чэнджэщхэм я лъабжьэр 11-нэ классым адыгэбзэр зэрыщегъэджыпхъэрщ. Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ план убзыхуа егъэджакIуэхэм яIэкъым, щхьэж и зэфIэкI теухуауэ зэжигъэувэж мыхъумэ. Сэлисэт и махуэрыбж-тематикэ планым щIыпIэ егъэджакIуэхэм щыгъуазэ зыхуащIащ, ар лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэп хъунуи

Адыгэбзэ дерсым [illegible] (11-нэ класс, сыхьэт [illegible])

КЪАРДЭН Маритэ.

Яджынухэр	Сыхьэт бжыгъэхэр
Хэзыгъэгъуазэ дерс.	1
Орфографие. Зи къэпсэлъыкIэрэ зи тхыкIэрэ зэ темыхуэ псалъэхэр.	1
Макъзешэ **а-э** щатхыр.	1
Сочиненэ: ЦIыхур сыткIи дахэу щытын хуейщ.	2
У-р макъзешэуи макъ дэкIуашэуи къыщыкIуэр.	1
Ы, Ъ-хэр макъ зэпэщIэхыу къыщыкIуэр.	1
Изложенэ, сочиненэ дыщIыгъужауэ.	2
Префикс **зы** -, **зэ**-хэм я тхыкIэр.	1
Псалъэ зэхэлъхэр, абыхэм я тхыкIэр.	1
Орфограммэхэр къэпщытэжын.	1
Псалъэр зэрызэхэт макъкIэ зэпкърыхын.	1
Къызэрапщытэ диктант, грамматикэ лэжьыгъэ щIыгъуу.	1
ЗэкIэщIэпч мыхъу псалъэхэр.	1
Изложенэ, сочиненэ дыщIыгъужауэ.	2
Морфологие. Псалъэр зэхъуэкIа зэрыхъу префиксхэр, суффиксхэр.	1
Щхьэ префиксхэм я тхыкIэр. Псалъэ къэхъукIэ.	1+1
Сочиненэ: Сэ къыхэсха IэщIагъэр.	1
Псалъэм и зэхэлъыкIэкIэ зэпкърыхын.	1
Изложенэ, сочиненэ дыщIыгъужауэ.	2
Синтаксис, пунктуацэ. Псалъэуха къызэрыкIуэ, зэхэлъ.	1
Псалъэуха зэхэлъ-зэпха.	1
Псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэ.	1
Псалъэухам и ухуэкIэр зэпкърыхын.	1
Изложенэ, сочиненэ дыщIыгъужауэ.	2
Псалъэ занщIэ.	1
ЦIыхуитIым я зэпсэлъэкIэ.	1
Къызэрапщытэ диктант, грамматикэ лэжьыгъэ щIыгъуу.	1
Къызэрапщытэж дерс.	1

ХЪЫЖЬР ОКЪУЭ Сэлисэт.

●Гу зылъытапхъэ

Адэжь лъахэм къэзыгъэзэжхэм ятеухуауэ

КъБР-м и журналистхэм я зэхьэзэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ.

«Адэжь лъахэ: зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я республикэ Къэбэрдей-Балъкъэр» зэпеуэр къызэрыхуэзэгъэжьам ди хэкуэгъу къэзыгъэзэжахэр теухуащ. Лъахэм къэкIуэжауэ республикэм и еджапIэхэм щIэс студентхэм ядэлэжьэнымкIэ, хамэ къэралхэм щыпсэухэм яхудиIэ пыщIэныгъэм зиужьынымкIэ зэхьэзэхуэм зэфэдэ щIыпэ хуэнущ.

Зэпеуэм журналист щхьэхуэхэри СМИ-м и редакцэхэри хэтыну хуитщ. Ахэр 2010 гъэм мазаем и 10-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 25 пщIондэ эфирым кIуауэ е традзауэ щытын хуейщ.

Iыхьищу гуэщауэ щытыну зэхьэзэхуэр: «Теленэтын нэхъыфI», «Радиопрограммэ нэхъыфI», «СМИ-м традза тхыгъэ нэхъыфI».

Лэжьыгъэхэр 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 30 пщIондэ ирахьэлIэ хъунущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, Ленин уэрам, 57, КъБР-м ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм ди хэкуэгъухэм пыщIэныгъэ яхудиIэнымкIэ и къудамэм. Лэжьыгъэхэм электрон теплъэ яIэн хуейщ. Министерствэм и унафэкIэ зэхэщэнущ нэхъыфIхэр къыхэзыхын къэпщытакIуэ гуп.

Зэхьэзэхуэм къриkIуахэр щыщхьэIум и 30-м наIуэ ящIынущ. Саугъэтхэмрэ дипломхэмрэ иратынущ зи лэжьыгъэ нэхъ купщIафIэу къалъытэм.

Мы Iуэхум теухуауэ упщIэ щыIэмэ, фыщIэупщIэ хъунущ 77-45-96 телефонымкIэ.

● Украинэ

Янукович Ющенкэ ехъуэж

Президент Ющенкэрэ премьер-министр Тимошенкэрэ зэгъусэу тоkI.

Сыт и лъэныкъуэкIи гуащIэу екIуэкIа президент хэхыныгъэхэр Украинэм щызэфIэкIащ. Абы къриkIуа бжыгъэхэр иджыблагъэ хэIущIыIу ящIащ.

УКРАИНЭМ и ЦИК-м и унафэщI Шаповал Владимир иригъэкIуэкIа пресс-конференцым къыщеджэжащ ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэт псоми я Iэр зыщIэлъ протоколым. А дэфтэрым ипкъ иткIэ Янукович Виктор и телъхьэу хэхакIуэхэм я процент 48,95-м Iэ яIэтащ, Тимошенкэ Юлие дэщIахэр процент 45,47-рэ мэхъу. ТIумкIи мыарэзыуэ къыщIэкIащ проценти 4,36-р.

Аращи, процентищрэ ныкъуэкIэ и хьэрхуэрэгъум ефIэкIри, Украинэм и зи чэзу президент хъуащ ЩIыналъэхэм я партым и IэтащхьэЯнукович Виктор. Ар и къулыкъум пэрыувэну хуагъэфащэ мы мазэм къриубыдэу.

Янукович зи пашэ ЩIыналъэхэм я партыр къызэзыгъэпэщари, нэхъыбэу зи телъхьэри урысыбзэ зыIурылъхэрщ. Ахэращ мы хэхыныгъэхэм жыджэрагъкIэ адрей къапэщIэта псоми ефIэкIыфари. Абы щыгъуэми иужьрей илъэсхэм къэрал унафэр зыIэщIэлъар къухьэпIэр зи плъапIэхэрщ. А псом къыхэкIыу Украинэм и политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хэпщIыкIыу захъуэжыну хуагъэфащэ икIи ар лъабжьэншэу къыщIэкIынукъым.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал унэтIыныгъэ куэдкIэ иужьрей илъэситхум Украинэм и президенту щыта Ющенкэ Викторрэ иджы ар къызыпэщылъ Янукович Викторрэ я Iуэху еплъыкIэри бгъэдыхьэкIэри жыжьэуи зэтехуакъым. Къапщтэмэ, япэрейм лъэкI къигъэнакъым и унафэм щIэт къэралыгъуэр НАТО-м хигъэхьэн папщIэ икIи абы пэгъунэгъу дыдэу хъуауэ и къулыкъур IэщIэкIащ. Абы и пIэм иувар НАТО-м и бийщ икIи абы хуиIэну зэхущытыкIэр щIэрыщIэу иубзыхун папщIэ хэкум референдум щригъэкIуэкIыну и мурадщ. Урысейм а тIур зэрыхущытри зэтехуэркъым. Ющенкэ ар и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къилъытамэ, Янукович ныбжьэгъугъэкIи щIэгъэкъуэнкIи зыщыгугъыр Урысейрщ. Абы къыхэкIыу иужьрей илъэсхэм «дакъуза» урысыбзэм дэнэкIи зыкъыщригъэIэтыжыну хуейщ, газ Iуэхуми тенджыз ФIыцIэ флотыр Севастополь зэрыщыIэнуми ятеухуауэ Урысей Федерацэм гурыIуэфыну хэхакIуэхэр къигъэгугъащ. Украинэм Куржым хуиIэ зэхущытыкIэфIми Iейкlэ зихъуэжыну фэ тетщ. Янукович зигъэхьэзыркъым Саакашвили зыгуэркIэ зыщIигъэкъуэну.

Апхуэдиз зэхъуэкIыныгъэ къэрал политикэм хилъхьэфыну пIэрэ Украинэм и президентыщIэу хахам? Ар упщIэшхуэщ. Ауэ иджыпстуи нэрылъагъур зыщ - иужьрей хэхыныгъэхэм ди гъунэгъу къэралыр тIууэ зэпэщIигъэуващ. Украинэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэр Януковичрэ Урысеймрэ я телъхьэщ, ищхъэрэ-къухьэпIэр зэкIэ зи Iуэху къимыкIа Тимошенкэрэ къухьэпIэмрэ хуоIэ. Ахэр зэгуэр зэгурыIуэфыну фIэщщIыгъуейщ. Псом хуэмыдэу къэплъытэмэ, Янукович процентн 3,5-кIэ фIэкIа къыкIэрымыхуа Тимошенкэ Юлие хэхыныгъэхэм къриkIуахэмкIэ зэрымыарэзыр икIи ерыщу ныкъуэкъуэну зэримурадыр. А псом къикIращи, Украинэр зэрыхьзэрий иныым хэпщIащ икIи щIэх абы къыхэкIыфыну фIэщщIыгъуейщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Янукович иджы и насып къикIащ.

ТОКУМАЕВ Жэгъэфар

Чонай мэгушыIэ

Сощыщ, соIуей, собу

Iэщ дохутырти, жылэхэр къызэхикIухьурэ, Чонай цIыхур игъэIущырт псэущхьэхэр фIыуэ лъагъун зэрыхуейм теухуауэ. Балъкъэрыщхьэ щIыдыхьам щыгъуи аращ Чонай цIыхур зыщIигъэдэIуар. И псалъэр щиухым, Чонай жиIащ:

- Iэщым хьер къыпыпхын щхьэкIэ, ар фIыуэ лъагъун хуейщ. Сэ сыкъафщтэт, жэм хъушэ срихьэлIакъэ, сахохьэри собу. Мэлым сахыхьэмэ, соIуей. Шым сахыхьэмэ, сощыщ.

Зыгуэр къеупщIащ:

- Кхъуэм уахыхьэмэ, дауэ?

- Кхъуэм бзэ къахуэзгъуэтыркъым, - жиIащ Чонай.

Уигу ирихьа?

Фермэ гуэрым кIуэн хуейт Чонай, абы щылажьэхэм ятеттхыхьын папщIэ. Корреспондент къазэрыхуэкIуэр щызэхахым, фермэр зэщIапхъэнкIащ, зэщIалъэсащ, бэкхъыр къатхъуащ, шхалъэхэм мэкъу дыгъэлыр дэз ящIащ. Чонай яхыхьэри, фермэр къиплъыхьащ: дэбгъуэн щымыIэ хуэдэт. КъыщрагъэжьэжыкIым, Чонай къеупщIащ:

- Уигу сыт ирихьа?

- Фи Iэхъуэм и пащIэ фIыцIэр, - жиIащ Чонай.

КъикIухьмэ, къырекIухь

Чонай и ныбжьэгъужь гуэр уэрамым щыхуэзащ.

- Уигу къыз умыгъабгъэ, Чонай: уи щхьэгъусэр къэкIухьлъакъуэщ, уэрамым къыдэкIыркъым - щхьэ хуэбдэрэ? Щымахуэщ, уаещ, - къегиящ ныбжьэгъур.

- КъикIухьмэ, къырекIухь. Сыт хуиIуэху: хуабэу хуэпащ, - жэуап иритащ Чонай.

Iулъхьэр хозагъэ

-Лъэхъуэщым ущIадзауэ зэхэтхащ. Сыт щхьэкIэ? - къеупщIащ Чонай и ныбжьэгъухэр.

- Iулъхьэ къеIысхати, - зиумысыжащ абы.

- НтIэ, укъаутIыпщыжаи?

- Iулъхьэ естати, - жиIащ Чонай. - Iулъхьэ зыхэмызагъэ срихьэлIакъым.

Си Iыхьлыи си благъи

Iулъхьэ къеIызыххэми зытхэми япэувын мурад ищIащ Чонай. Тхьэусыхащ, бзэгу ихьащ. Хэт хуэтхьэусыхами, къикIа щыIэкъым - зэхащIыкIакъым, дэгу, бзагуэ защIащ. Щымыхъужым, ООН-м иттхащ, абы сызэхащIыкIынщ жери. Абыи жэуап къикIакъым. Тхьэмахуэ нэхъ дэкIакъым: къакIуэщ, япхри делэщым щIадзащ. Делэщым щIэсхэм ягъэщIагъуэ:

- Тхьэмахуэм щIигъуащ мыбы укъызэрыщIадзэрэ. Е уи Iыхьлы, е уи благъэ щхьэ къыпкIэлъымыкIуэрэ?

- Хэт къыскIэлъыкIуэн: си Iыхьлыи си благъи - псори мыбы щIэсщ, - жиIащ Чонай.

КъызбгъэдэтIысхьи, къэпщIэнщ

Махуэ гуэрым Чонай паркым ихьащ: «Жьы къабзэкIэ сыбэуэнщ», - жери. Ешыху къикIухьри, етIысэхащ. ЗэретIысэх нэхъ хэлъакъым: кIийуэ щIидзащ

И ныбжьэгъу гуэр блэкIырти, игъэщIэгъуащ:

- Щхьэ укIийрэ, Чонай? Къэхъуа?

- Къэхъуар пщIэнщ, къызбгъэдэтIысхьи.

ТетIыс хьэпIэр лэч удзыфэкIэ яла къудейт.

УзэрикIыжым щхьэкIи согуфIэ

ХьэщIэ къыхуэкIуэри, Чонай деж тхьэмахуэкIэ зыщиIэжащ. ХьэщIэм зытрифыщIэжащ Чонай, зэбла щыIэкъым, джэдкIэ къыщIидзэри. Щригъэжьэжым, Чонай хьэщIэм кIэлъидзащ:

- Ди унэ укъыщихьам сыпщыгуфIыкIащ, узэрикIыжым щхьэкIи согуфIэ.

Ней-нейуэ къеплъа фIэкI, хьэщIэм зыри къыпидзыжакъым.

Сыхохъуэ

И ныбжьэгъужь щрихьэлIэм, Чонай гуфIащ.

- Дауэ упсэурэ? Сыт уи хъыбар? - щIэупщIащ Чонай.

- Си Iуэху хъарзынэщ, си пщIэ дэкIуей зэпытщ, - жиIащ ныбжьэгъум.

- Тхьэм уригъэфIакIу э...

- Си щхьэгъусэр нэхъапэм «махъшэ цIыкIукIэ» къызэджэу щытати, иджы, «махъшэжьщ» къызэрызэджэр. Сыхэхъуакъэ!

- Уи насыпщ, - жиIащ Чонай.

Iэ тедзапщIэ

Чонай къулыкъу къратащ. И ныбжьэгъу къэкIуащ, лъэIу тхылъ къихьри.

- Мыбы Iэ схутедзэ.

Тридзащ. Лъэlу тхылъыр къиштэжри, зыкъиIэтыжащ ныбжьэгъум.

- Тхьэразэ къыпх ухъу, Чонай.

- Т хьэразэкIэ зэфIэкIрэ?

- НтIэ сыт?

- Iэ тедзапщIэ.

- Iулъхьэ жыхуэпIэщ.

- Ар Iулъхьэкъым. Iэ тедзапщIэщ. Хуит дащIауэ, Iэ тедзапщIэ къаIыдох.

- Дапщэ?

- И кIэ къихуамэ, сом минищ. НэхъыбэкIэ дых уиткъым.

Иджыри зэ

Чонай и благъэ гуэр ирихьэлIащ.

- Уи фэр сигу ирихьыркъым, - жиIащ Чонай. - Уи лажьэIа?

- Сымаджэщым мазищкIэ сыщIэлъащ, - жиIащ Чонай и благъэм, зигъэтхьэмыщкIафэри. - СызэхаупщIэтащ. Си лъатэм и ныкъуэр паупщIащ. Си тхьэмбылри аращ. Си нэм щIыIуху телъати, трахащ. Уэрэ сэрэ дызэхамэкъым: мазищым зэ щхьэ укъысщIэмыупщIарэ?

- Сымаджэщым узэрыщIэхуар сэ дэнэ щысщIэнт? Иджыри зэ ущIэхуэрэ узэхаупщIэтэн хъумэ, си напэр фIыцIэщ, сыпщIэмыупщIэмэ, - и благъэм игу фIы хуищIащ Чонай .

Псэлъыхъу

Зихуапэщ, зэсэбауэщ, дыху зытрикIэри, Чонай и къуажэгъу гуэрым деж кIуащ.

- Бэлэрыгъауэ сыкъежьакъым. Сыпсэлъыхъущ. Си гум хьэрэм илъкъым, фIы къывэуалIэмэ, си гуапэщ.

Къыдэнэжауэ зыпхъу яIэти, унагъуэр гуфIащ, зэхэзежэ хъуащ, джэд яукIащ, Iэнэр къаузэдащ.

И хьэщIэн зэфIэкIа нэужь, Чонай жиIащ:

- Фи пхъум къыщIэупщIэм дэбгъуэн щыIэкъым, лъэпкъ къыхэкIащ. ЩIалэм щIэныгъэшхуэ бгъэдэмылъми, Iуэхум хозагъэ, хыхьэхэкI иIэщ. Апхуэдэ малъхъэ згъуэтатэмэ, дуней фIыгъуэр къызэуэлIауэ слъытэнт.

- Ди пхъум къыщIэупщIэм и цIэр къипIуэркъэ! - къытреч унагъуэр.

Чонай зрилъэфыхьащ.

- Фи пхъуракъым сэ сызипсэлъыхъур.

Бысымым я нэр къихуащ:

- НтIэ, хэт?

- Мыст фоцIыху. Абы и къуэм къригъэшэнущи, пщэдей псэлъыхъу сигъэкIуэн мурад иIэщ. СыжьакIуэрэ сымыжьакIуэрэ къэсщIэнщ жысIэри, фи деж сыкъыщIэкIуар аращ - нэгъуэщIкъым...

УпщIэ пыIэ

Чонай пщэдджыжьым жьыуэ зиужьащ, лэжьапIэм кIуэн хуейуэ пIащIэрти.

- Си гъуэншэджым ету тебдза? – еупщIащ и щхьэгъусэм.

- Тездзащ.

- Си кIэстумым-щэ?

- КIэстумми тездзащ, умыгузавэ.

- Нобэ хьэщIэ лъапIэ къытху еблэгъэнущ, аращ сыщIэгузавэр. Си упщIэ пыIэми уесэбэуа?

- УпщIэ пыIэми? Абыи жып иIэ?

Сыт къыпидзыжынт Чонай: зихуапэри, унэм щIэкIащ.

КъацIыхужынкIэ сошынэ

ЛэжьапIэм къикIыжри, Чонай унэм щIыхьэжащ.

- Дэнэ укъыщыгува нобэ? ХьэщIэ хъушэ къызэрытхуеблэгъэнур бжесIатэкъэ? - къыпежьащ и щхьэгъусэр. - Си благъи уи благъи хъушэ къытхуэкIуэнущ.

- КъызжепIат, аракъэ нэхъ пасэу сыкъыщIэкIуэжар, - жиIащ Чонай. Ар жиIэри, я дыжьын тепщэчи, фалъи, бжэмышхи, Iэгубжьи лъэныкъуэ иригъэзащ.

- Сыт пщIэр? Хьэкъущыкъур щхьэ бгъэпщкIурэ? - игъэщIэгъуащ щхьэгъусэм. - ХьэщIэм ядыгъун уи гугъэ?

- ЯдыгъункIэ сышынэркъым. КъацIыхужынкIэ сошынэ. Ди благъэхэращ псори къытхуэзыхьар.

Къэсшауэ ящIэххэркъым

Чонай зэхэуарэ хэгупсысыхьауэ и зы ныбжьэгъу кърихьэлIащ.

- Щхьэ узэхэуа? - къеупщIащ ныбжьэгъур.

- Си фызыр изгъэкIыжынущи, си адэ-анэм зэражесIэнур сщIэркъым, абы согупсыс, - жиIащ Чонай.

- Сыт абы хэлъыр? ЯжеIи, зэфIэкIащ.

- Къэсшауэ ящIэххэркъым си адэ-анэм, аракъэ гупсысэм сыщIыхэхуар.

«Генерал»

Чонай милицэм ираджащ.

- Пощтзехьэр къытху этхьэусыхащ: щхьэ бубэрэжьа ар? - къеупщIащ зы капитан.

- Ди пщIантIэм ныдыхьэри, письмо къысхуишияц пощтезэхьэм. Письмор си къэшэным къысхуитх си гугъэри, сыгуфIащ.

- Уэрэд жумыIауэ, письмор уэстыжынукъым, - къызжиIащ.

- Сэ уэрэд схужыIэркъым, - хуэздакъым.

- НтIэ, къафэ.

- КъэфэкIи сщIэркъым, - жесIащ пощтзехьэм.

- Уэрэди пх ужымыIэнумэ, къэфэкIи умыщIэмэ, джэдум хуэдэу пщIэу.

Сыт сщIэнт: сыпщIэуащ. ИтIанэщ письмор къыщызитыжар. Письмор военкоматым къикIыу арат: дзэм сраджэрт. Аращ пощтзехьэм сыщIыхуилъар.

Абы и ужькIэ куэд дэкIыжакъым: Чонай дзэм ираджащ. Илъэс хуэдэ дэкIри, къитхащ: «Ефрейтор сыхъуащ», - жери. Чонай и анэшхуэм къыгурыIуакъым а псалъэм къикIыр: и къуэрылъхур «генерал» хъуауэ къыщыхъуащ.

И анэшхуэм и фIыгъэкIэ Чонай «генерал» цIэр теIукIащ абы лъандэрэ.

ЗэзыдзэкIар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Гу зылъытапхъэ:

Токумаев Жэгъэфар балъкъэр тхакIуэ цIэрыIуэщ, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ «ЛъыщIэж къамэ» романыр (урысыбзэкIи адыгэбзэкIи зэрадзэкIащ), рассказхэр. Кулиев и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмтеатрым щагъэлъэгъуащ Токумаевым и пьесэ 15. ГушыIэ хъыбар куэди итхащ абы, ахэр щызэхуэхьэса тхылъыщIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ.

Уэсыр мэткIуж, гъатхэр къызэрыблэгъам и нэщэнэу.

Сурэтыр **ХУЖЬ Наталье** *трихащ.*

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Емельяненкэ Александр и командэм Украинэм и лIыкIуэхэр 5:0-у хигъэщIэри, «Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэм и Кубок» дунейпсо зэпеуэм и финалым кIуащ. «РусФайтерз» гупым текIуэныгъэр къафIихьащ Белоруссием къикIахэм. Зэпеуэм кIэлъыплъ ди щIыпIэм щыщхэр нэхъыбэу зыпэплъэр «Честь», «Эльбрус» командэхэм я зэпеуэм кърикIуэнухэрт.

ЛIы нэсхэм я зэпеуэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Япэ щIыкIэ рейтинг зэзауэм Тумен Альберт дакъикъитIрэ секундитIым нокауткIэ хигъэщIащ Украинэм и лIыкIуэ Абаджян Каджик. АдэкIэ Бэджыдэ Ислъамрэ ХэтIэф Тимуррэ текIуэныгъэр къыфIахьащ Мэзкуу командэм щыщхэу Покровский Анатолийрэ Загиров Щамилрэ. Мырзэкъан Азэмэт секунди 10-м нокаутым игъэкIуащ Хакимов Анзор (Мэзкуу), Расулов Салимджэрий хигъэщIащ къыкIэлъыкIуэ мэзкуу спортсмен Саакян Давид, КъарэцIыкIу Ратмир текIуэныгъэр фIихьащ Амагоев Бислъэн. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Эльбрус» командэр 4:1-уэ текIуащ.

КIэухыу Пекъу Маратрэ Кукавэ Леванрэ я зэпеуэм и пэ къихуэу ProFC-м и президент Яценкэ Алексей фэеплъ кубокхэмрэ дамыгъэхэмрэ яритащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Къанықъуэ Заур, турнирым мылъкукIэ зыщIэзыгъэкъуахэу Парламентым и депутат Iэпщэ Зауррэ Нэзрэн Альбертрэ. АдэкIэ хьэщIэхэм егуэпащ Къанықъуэ Заур. Iэпщэрыбанэ зэзауэм и федерацэм къыбгъэдэкIыу абы щIакIуэ, адыгэ пыIэ, фадэбжьэ зэраIэт бжьакъуэ Емельяненкэ Александр иритащ, Къарей Русланрэ Яценкэ Алексейрэ къамэкIэ яхуэ упсащ.

Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну къекIуэлIахэм я гукъыдэжыр къызэщIиIэтащ Пекъу Марат и текIуэныгъэм. Абы дакъикъитIрэ секунд 30-м хигъэщIащ «Честь» командэм и лIыкIуэ Кукавэ Леван.

КЪАМБИЙ Ислъам.

● Джэрпэджэж

ЕджапIэ нэхъыщхьэм анэдэлъхубзэр зэрыщрагъэджыр

Дызэрыт илъэсым щIышылэм и 27-м къыдэкIа «Адыгэ псалъэ» газетым (№12) къытехуа тхыгъэм (зытхар КъБКъУ-м и профессор Бакъ Зерэщ), «Iуащхьэмахуэ щхьэдэха Мэлбахъуэ Елбэрд» зи фIэщыгъэм, къыщыхьа Iуэхугъуэ щхьэхуэ хэмкIэ мыарэзыуэ къыпэджэжащ КъБКъУ-м и адыгэбзэ кафедрэм и унафэщI **Тау Хьэзешэрэ** Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **ЩIыпIынэ Аслъэнрэ**.

ЩIэныгъэлIхэр къэзыгъэуIэбжьар тхыгъэм хэт мыпхуэдэ псалъэухахэрщ: «Адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрызаужьынур зэлъыта гупым дызыхуашаращи, нэхъ сыхьэт бжыгъэ мащIэ дыдэ зыхухахыр ди лъэпкъ литературэращ. Нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ: лъэпкъудамэм адыгэбзэ, адыгэ литературэр тхьэмахуитIым зэ, нэмыцэбзэ сыт хуэдэхэр тхьэмахуэм тIэу яIэщ».

- Адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрызаужьынур зэлъыта гупым къабгъэдэкIыу дэ а тхыгъэм жэуап еттыкIэрэ, къэдгъэлъэгъуэну дыхуейт а предметитIыр джыным университетым щыхухаха сыхьэт бжыгъэхэр зэрыхъур, - жаIэ филологие щIэныгъэхэм я докторхэу Тау Хьэзешэрэ ЩIыпIынэ Аслъэнрэ. - Апхуэдэу япэ курсым и япэ семестрым адыгэбзэми адыгэ литературэми сыхьэт тIурытI хухэхащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ тхьэмахуэ къэс студентхэм а предметхэмкIэ сыхьэтиплI яIэщ. ЕтIуанэ семестрым сыхьэтитху хухэхащ (адыгэбзэмкIэ - сыхьэти 2, адыгэ литературэмкIэ - сыхьэти 3). ЕтIуанэ курсым дыIэбэмэ, япэ семестрым адыгэбзэми адыгэ литературэми сыхьэт щырыщ ятегуэшащ, абы и етIуанэ семестрым адыгэбзэм сыхьэти 5, адыгэ литературэм сыхьэти 4 идот. Ещанэ курсым и япэ семестрым адыгэбзэу сыхьэтитху, адыгэ литературэу сыхьэтиплI яIэщ, етIуанэ семестрым а предметхэм сыхьэтипщI хухэхащ (адыгэбзэм - сыхьэти 6, адыгэ литературэм - сыхьэти 4).

Ещанэ курсым и етIуанэ семестрым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зэрызэфIэувамрэ зэрызаужьамрэ я тхыдэр джын яух ди студентхэм, адэкIэ абы къыпоувэ спецкурсхэмрэ студентхэм езыхэм яфIэфIу къыхаха курсхэмрэ. Мыбдежым зи гугъу тщIы предметхэр тхьэмахуэ къэс сыхьэт тхурытху-хырыхкIэ яIэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ 4-нэ курсым сыхьэти 10 - 12-кIэ щадж адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ. Етхуанэ курсым и япэ семестрым адыгэбзэми адыгэ литературэми сыхьэт плIырыплI хухэхащ, абы и етIуанэ семестрым студентхэр диплом лэжьыгъэм иужь итщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Гукъеуэ

Ди хэку дыщисыжкIэ

Куэд дыдэрэ дрохьэлIэ ди гъащIэм къемызэгъ, нэгъуэщI щIыпIэхэм кърахауэ тхэмызагъэу къытхапщэ Iуэхухэм.

АБЫХЭМ ящыщ зыщ Къубэ-Тэбэ кърaтыкIыу иджыблагъэ телевизорымкIэ слъэгъуа репортажыр. Къуажэм щыщ дэрбзэрхэм ягъэлъагъуэ щыгъыныгъуэхэр цIыху тэмэмым щитIэгъэнкIэ Iэмал зимыIэт. Бостей, къинэмыщI хьэпшыпхэм ахъшэ мащIэ текIуэдагъэнкъым, ауэ сэ сызэгупсысар зыщ: ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъым къадэгъуэгурыкIуэ, иджы артист щыгъыныгъуэ хъужа фащэр яхуэду пIэрэ абыхэм?

ТелевизорымкIэ, радиомкIэ зэхэтх псэлъэкIэрщэ?! Зи анэдэлъхубзэр нэсу зэзыгъэщIэну хунэмыса «артист» ныбжьыщIэхэр яужь итщ инджылызыбзэкIэ псэлъэну, уеблэмэ уэрэд жаIэну. Ярэби, иджырей телевиденэмрэ радиомрэ зыгъэлажьэхэм яхэмыту пIэрэ нэхъ псынщIэIуэу США-м и 51-нэ штат дыхъуну хущIэкъухэр?! ЩIалэгъуалэм хухэха нэтынхэм нэхъыбэу щызэхэпхыр америкам уэрэдхэрщ. ЖыхуэсIэм шэч къытезыхьэхэр федаIуэ ди деж щылажьэ радиостанцхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщыщыпсэукIэ, къэралми республикэми пщIэ хуэщIыпхъэкъэ?

ПОЛИЩУК Иван.

● Фыкъыдогъэблагъэ

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и пшыхь

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэм, ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур» журналхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом я редакцэхэм фрагъэблагъэ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьым.

Ар ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым мазаем и 19-м сыхьэт 18-м щIидзэу екIуэкIынущ.

Щхъухьыр щIыунэм щагъэхьэзырт

● Узыгъэпlейтей

Урысейм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ зэщIыгъуу дызэрыт мазэм и пэщIэдзэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ Налшык къалэм щыIэ уней лъапсэхэм ящыщ зым къыщагъуэтащ наркотикхэр щагъэхьэзыр лабораторэ. Ахъшэшхуэ зи уасэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ абы марихуанэр куэду къыщыщIагъэкIырт.

Апхуэдэ Iуэхур УФ-м и Уголовнэ кодексым и 231 статьям и Iыхьэ 1-м хиубыдэ хабзэншагъэу къалъытэ. Унэр зейр а статьямкIэ уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуа Iуэху къызэIуахащ.

УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ФыкъыддэIэпыкъуну дынывольэIу

● КъБР-м щыIэ МВД-м къелъыхъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр щалэжьауэ зэрыхуагъэфащэм къыхэкIыу къалъыхъуэ:

Абыдэ Замир Iэмдулыхь и къуэр , 1972 гъэм шыщхьэIум и 27-м къалъхуар. Къэралым къыщалъыхъуэ, Налшык къалэмкIэ УВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 165 - 170-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, и набдзэхэр дыкъуакъуэщ, и пэр захуэщ, жьэпкъыбгъуэщ.

Татчаев Тимур Валентин и къуэр, 1981 гъэм гъатхэпэм и 1-м къалъхуар. Къэралым къыщалъыхъуэ, Налшык къалэмкIэ УВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 180 - 185-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, и набдзэхэр псыгъуэщ, и пэр захуэщ, и Iупэхэр пIащэщ.

Ташу Къазбэч Леонид и къуэр, 1978 гъэм шыщхьэIум и 18-м къалъхуар.

Къэралым къыщалъыхъуэ, Бахъсэн къалэ ОВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 175-180-рэ и лъагагъщ, къуэгъущ, и щхьэцыр фIыцIэщ, и тхьэкIумэхэр къыгуопIиикI, и Iупэхэр пIащIэщ, и жьэпкъыр псыгъуэщ.

Мэрзей Аслъэнбэч Атабий и къуэр, 1977 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м къалъхуар. Къэралым къыщалъыхъуэ, Налшык къалэмкIэ УВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 175 - 180-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, и щхьэцыр кIэщIщ мащIэу икIауэ, тхьэкIумэхэр къыгуопIиикI, и нэхэр Iузэщ, пабгъуэ кIэщIщ, и Iупэхэр пIащэщ, жьэпкъыбгъуэщ.

Сижажэ Ахьмэд Олег и къуэр, 1982 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къалъхуар.

Къэралым къыщалъыхъуэ, Налшык къалэмкIэ УВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 180 - 185-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ , и щхьэцыр фIыцIэщ кIэщIу щIэщауэ, и набдзэхэр дыкъуакъуэщ, пэ псыгъуэ кIэщIщ, Iупэ пIащIэщ.

ДыщэкI Темырлан Руслан и къуэр, 1986 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къалъхуар. Къэралым къыщалъыхъуэ, Налшык къалэмкIэ УВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 180 - 185-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ мащIэу икIауэ, и тхьэкIумэхэр къыгуопIиикI, и набдзэхэр Iувщ, дыкъуакъуэщ, пэ кIэщIщ, и Iупэхэр пIащэщ, жьэпкъыбгъуэщ, пащIэ е жьакIэ тетынкIэ хъунущ.

Сеюнов Рустам Мусэ и къуэр, 1986 гъэм щIышылэм и 26-м къалъхуар. Къэралым къыщалъыхъуэ, Налшык къалэмкIэ УВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 180 - 185-рэ и лъагагъщ, къуэгъущ, и щхьэцыр фIыцIэщ, набдзэхэр дыкъуакъуэщ, и пэр захуэщ, и Iупэхэр пIащэщ, и жьэпкъыр псыгъуэщ.

Хьэмырзэ Аслъэнбэч Хъусен и къуэр, 1979 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къалъхуар. Къэралым къыщалъыхъуэ, Прохладнэ районым щыIэ ОВД-м и жэрдэмкIэ.

И теплъэр: см 175 - 180-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, и набдзэхэр Iувщ дыкъуакъуэу, нэ зэвщ, и пэр захуэщ, и Iупэхэр пIащэщ, жьэпкъыбгъуэщ.

Хьэжбий Арсен Хьэмидбий и къуэр,1980 гъэм щIышылэм и 7-м къалъхуар.

Ар къалъыхъуэ цIыху иукIауэ, Iэщэ ихъумэу икIи зэрихьэу хуагъэфащэу.

И теплъэр: см 175 - 180-рэ и лъагагъщ, къуэгъущ, и щхьэцыр фIыцIэщ, и набдзэхэр дыкъуакъуэщ, и Iупэхэр пIащэщ, жьэпкъыпэр псыгъуэщ.

Iэдисэ Альберт Исмэхьил и къуэр, 1978 гъэм шыщхьэIум и 7-м къалъхуар.

Ар къалъыхъуэ цIыху иукIауэ, Iэщэ ихъумэу икIи зэрихьэу хуагъэфащэу.

И теплъэр: см 175 - 180-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, щхьэц фIыцIэ баринэщ, и набдзэхэр псыгъуэ захуэщ, и пэр захуэщ, и Iупэхэр пIащэщ, и жьэпкъыпэр псыгъуэщ, пащIэ е жьакIэ тетынкIэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ),**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжэь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымы и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Цей Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №384